



*Natural*  
**DISCIPLESHIP**  
Global Multiplying Discipleship Ministry

Student Guide

[naturaldiscipleship.com](http://naturaldiscipleship.com)

# UBWIGISHWA NYAKURI

## URUTONDE RW'IBIRIMWO

Intangamarara	2
Urugendo rw'ubwigishwa nyakuri	5
Kurabira hamwe	6
Intambuko ya Mbere: Kwitegura mu mpwemu_Kwitegurira umwimbu	8
Intambuko ya Kabiri : Gushiraho imigenderanire	11
Intambuko ya Gatatu : Gusengera abagenzi banje	15
Intambuko ya Kane: Gutanguza ikiganiro c'ivy'Impwemu	17
Intambuko ya Gatatu : Gusangiza inkuru yanje	19
Intambuko ya Gatandatu: Gusangira inkuru yiwe_Intambuko zo Kumenya Imana	23
Intambuko y' Indwi: Inyigisho yimbitse y'ubutumwa bwiza_Ibibazo ngirakamaro cane vy'Ubuzima	29
Intambuko y' Umunani : Inyigisho z' intango ku bizera bashasha_ Urukurikirane rw' Integuro	48
Intambuko y' Icenda: Uburyo bw'urukurikirane bw'inyigisho ya Bibiliya_Urugendo	85
Inyongera ya Mbere:Uburyo bwo kurwiza Ubwigishwa nyakuri	90
Inyongera ya Kabiri : Isezerano Ubwigishwa nyakuri	92
Inyongera Ya Gatatu : Ikarata yo kubandanya Ubwigishwa nyakuri	94

Steve Harris- [sharris@ncbaptist.org](mailto:sharris@ncbaptist.org), 828-772-1908

Geoffrey Harris- [gharris45@msn.com](mailto:gharris45@msn.com), 407-721-7564

[Naturaldiscipleship.com](http://Naturaldiscipleship.com)

## INTANGAMARARA

Mwoba muriko murabaho ivyo mwashitseko bikomeye n'intumbero yanyu mu buzima? Yesu yavuze, “jeho nazanywe no kugira ngo zironke ubugingo, kandi ngo ziburonke busagutse.” (Yohana 10:10). Ivyo dushikako bihambaye n'inkomezi zacu bizanwa no muguhinduka no mugukora ico Imana yaturemeye kuba. Yesu yaravyerakanye neza ko umunezero wacu mwinshi uri mu kuba no mu guhinduka abigishwa ba Kristo bakura kandi barwira.

Iyo uba ufise uruganda rw'ihinguriro, ico ushaka akaba ari telefone nyabwenge [smartphones], Hama washika ku mpera yanyuma ugasanga nta ma telefone yabwenge zisohoka, wari gutuma wigira mubindi. Turakeneye akarorero kuko umwigishwa yarakwiye kugaragara.

Yesu yaraduhaye insiguro y'umwigishwa igihe yahamagara Petero na Andereya kuba abigishwa biwe. Muri Matayo 4:19 yavuze ati: “Ni munkurikire nzobagira abaroba abantu”. “Gukurikira” n'ivyubucuti. “Kugira” ni uguhindurwa. “Umurovyi” n'igikorwa. Umwigishwa ni umuntu akurikira Kristo, agenda ahindurwa na Kristo kandi yiyemeza gukora umurimo wa Kristo.

Woba ufise ivyankenerwa ukeneye kugira ukure nk'umwigishwa wa Kristo, kugira ngo urongore abatizera kuri Kristo kandi ubafashe nabo mu gukura kugira nabo babe abigishwa ba Kristo birwiza? Hari vyinshi bikenewe mu gikorwa c'Imana vyogufasha abigishwa ba Kristo gusangiza ukwizera kwabo no guhindura abigishwa mu buryo busanzwe, bw'imigenderanire, bw'ibiganiro, no muburyo bwabo.

## IGIKORWA C'IMANA MU BUCUTI

Dutegerezwa kwerekana ubutumwa bwiza mu buryo bw'ubucuti bwizigiwe. Abantu benshi baza kuri Kristo haheze igihe kire kire, bisaba amahuriro menshi hakuba igikorwa kinyarutse nk'ikiringo c'umwanya w'iminota cumi n'itanu gusa kugira basozere ico gikorwa. Dutegerezwa guhera kuntango y'ico bisigura kuremwa mw'ishusho y'Imana haguhera yuko bose bakoze ivyaha batandukana n'Imana.

Ingorane kubw'iciyumviro c'ivugabutumwa rishingiye ku bucuti nuko gihinduka icitwazo co kutavuga ubutumwa bwiza. Mu bucuti ubwaribwo bwose, haragera igihe aho dutegerezwa gufata ingingo yoguhamagarira abantu kuyaga ibiganiro vy'ivy'impwemu.

Rero, mubona gute hakoreshejwe uburyo bw'ivugabutumwa n'ubwigishwa aho hajamwo inkuru yawe, inkuru yanje n'inkuru y'Imana mu buryo bwo kuyaga kandi busanzwe?

## **IVUGABUTUMWA N'UBWIGISHWA BIBEREYE**

Uyu musu ibiganiro vy'impwemu vya buri muntu ubwiwe biratanga uburyo bwiza cane bw'ivugabutumwa n'ubwigishwa. Mu migani 20:5 haravuga ngo, "Inama yo mumutima w'umuntu ni nk'amazi yo hasi mw'ibenga, arik'umuntu w'umunyabwenge arayivoma." Ibi bishobora gushika gusa iyo ubajije ibibazo vyiza kugira ugaragaze ibiri mu mitima yabo.

Intumwa Yohana yaratahura aho ubwoko bumwe bumwe bwo kuyaga bugarukira. Yabwiye abasomyi biwe muri 2Yohana12, "Naho nari mfise vyishi vyo kubandikira, sinagomvye kuvyandikisha wino ku rupapuro; ariko nizigiye kuzoza iwanyu ngo tuvugane imbonankubone kugira ngo umunezero wanyu ube uwuzuye." Yohana yaratahuye ko uburyo bwiza cane bwo kuvugana ko ari kuyaga imbonankubone. Abantu barakeneye "umwanya wokubonana".

Yesu yamaze imyaka itatu n'igice yitanga muri bamwe cumi na babiri, ariko kandi yama yintanga gose cane mu murwi wa Petero, Yakobo na Yohani. Kandi yarafise imigenderanire yimbitse gose na Yohani nk' "umwigishwa Yesu yakunda."

## **UKUGANIRA CANKE UKWEREKANA?**

Integuro nyishi z'ivugabutumwa n'ubwigishwa ni uburyo ahakuru buba ari ukwerekana gusumba ububa ari ukuganira. UBWIGISHWA NYAKURI cabayeho bivuye mugushira ku muzirikanyi ivyankenerwa vy'urunganwe rushasha. Ubu buryo bushingiye ku bucuti, bwubahiriza agaciro k'umuntu kandi nkenerwa kuri buri wese k'umuntu wese ubwiwe, ariko ni uburyo bukwiye, budahagarara kandi bushoboka. Muzobona urukurikirane rw'ibiganiro vya bibiliya vyuzuyemwo ibibazo vyumvikana vyubakiye ku ubucuti, ariko kandi binshingiye kw'ijambo ry'Imana nk'inkomoko yavyo. **Ibibazo vyose bizoboneshwa mundome kandi bishirwe mutuzitizo** kugira vyerekane aho mukwiye guhagarara no kuvugana igikoresho kuc'uko umwe wese abibona.

## **INGORANE**

Yesu yaduhaye itegeko ritomoye imbere yuko aduga mw'ijuru. Guhindura abantu abigishwa. Ni ivyo. Uyu musu, amasengeru menshi ntabwo ariko arakora igikorwa. Ibice birenga 85 kw'ijana vy'abanyamuryango b'amashengeru bazobabwira ko batigeze narimwe bigishwa n'umuntu n'umwe. Amatohozwa yose yerekana ko abantu bitwa kwari aba kristo ntibabayeho ubuzima butandukanye n'ubwab'isi. Iyaba ibikorwa vy'igikorane n'imigwi mito mito yakora igikorwa, twari kuba tubona igice kinini c'abizera gusumba abo tubona uyu musu.

## **INYISHU**

Ubwigishwa hamwe n'ivugabutumwa ryihariye umuntu ni urufatiro rwo guhindura abantu abigishwa. Ihuriro ry'umwe kuri umwe canke ry' umwe kuri babiri nico kibanza conyene dusangamwo buryo buboneka bwo zezwa ikintu. Umuntu arashobora gushikira umurwi muto ariko ntashobore kubazwa ugukura kwawo. Ivugabutumwa ry'umuntu wese hamwe n'ubwigishwa ni inzira nziza cane yokwuzuza itegeko rikuru.

Turakeneye cane ibikorwa vy'akarorero vyo guhimbaza n'ivy'imirwi mito mito, ariko kandi turakeneye n'ugufata mu minwe kw'umuntu wese nk'urufatiro kugira dushobore guhindura abigishwa bakomeye kandi birwiza.

## **IBANGA: UKWIGWIZA MU KIBANZA C'UKWIYONGERA**

Iyaba wari nk'umuvugabutumwa mu buryo bw'igitangaza afise ingabire hama Imana ikagukoresha mu gushikana abantu ibihumbi bitatu(3000) ku musu umwe ubajana kuri Kristo, mu buryo bwose woba ufise igikorwa(ministere) nziza cane. Ariko nimba abantu bagize isi batiyongereye, vyogusaba imyaka ibihumbi bitanu(5000) kugira ngo ushikane isi yose kuri Kristo. Ariko vyogenda gute ushikanye umuntu umwe gusa kuri Kristo hama mukamara umwaka wose umufasha gukomera no gushikama mu kwizera biciye mu **BWIGISHWA NYAKURI**. Hanyuma, mubamenyereje n'inyigisho mpererekanywa boshobora gukoresha no kuwundi muntu, bagaca bafata uyundi mwaka ukurikira bakagira nk'ivyo nabo mugihe uriko uravugana n'uwundi. Biciye mu kwigwiza, mwoshobra kurokora no kwigisha abarenga 1000 mu myaka icumi kandi vyoshoboka mu muvuyukuri gushikira abantu bose bagize isi yose mu kiringo c'imyaka 35.

## **MWEBWE NI GUTE?**

**Muriko mukorera mu kwongereza canke m'Ukwigwiza?**

# **Amajambo**

Pawulo yabwiye ivyo umwigishwa wiwe Timoteyo, "Kand'ivyo wanyumvanye mu maso y'ivyabona vyinshi, ubishikirize abantu bo kwizigirwa, bazoshobora kuvyigisha n'abandi." (2Timoteyo 2:2)

Iyi niyo nsiguro y'urunganwe rushika kuri rune(4) rw'abigishwa, uhereye kuri Pawulo ariwe yigishije Timoteyo nawe yigisha abagabo bokwizerwa kandi nabo bamaze kuronka ivyankenerwa baca bavyigisha abandi. Ubu ni ubushobozi bwo kwigwiza. Urufunguruzo muri iwo nyigisho ziherekanywa zishobora kwakora kuva ku runganwe rwa mbere rw'abigishwa gushika ku bakurikira.

**UBWIGISHWA NYAKURI** ni urukurikirane, uburyo budahagarara kw'ivugabutumwa ry' ubucuti n'ubwigishwa bushobora kunyaruka kuhanahanwa buva ku muntu umwe no kuwundi.

Indunduro y'ubu buryo bwo guhindura abigishwa niyo ishobora kwigishwa kandi ikakira nubwo woba uri mu bindi, ubuzima bwa misi yose, ukoresha amataraniro mu bonana ni u mugenzi mwiza wo guhugurwa.

**Menya:** Ihindurwa rya Bibiliya New American Standard Bible (NASB) ryarakoreshejwe kubw'amajambo yo muri Bibiliya muri iki gitabo kiretse ayanditswe.

# URUGENDO RW'UBWIGISHWA NYAKURI



## UKURABIRA HAMWE

UBWIGISHWA NYAKURI ni urugendo rusanze mu ntambuko icenda kugira bifashe umubiri wa Kristo gushikira abantu mu rukurikirane rw'ubucuti hakoreshejwe ubutumwa bwiza bwa Kristo no kubigisha nabo guhinduka abigishwa ba Kristo bigwiza.

**1 Ukwitegura mu Mpwemu:** Akarusho ko gusangiza ubutumwa bwiza bwa Kristo n'umuntu Atari mukwizera ni icemezo gitangaje. Yesu yavuze ko abigishwa biwe bakwiye guhabwa Mpwemu Yera kandi akaba n'ivyabona vyabo. Iyi ntambwe muri urukurikirane yashiriweho kurongorera uwuriko akurikira kwuzuzwa Impuhwe za Kristo n'ubushobozi bwa Mpwemu Yera kugira ngo bitegurire umutima wiwe ku gikorwa cogusangiza ubutumwa bwiza bwa Yesu Kristo.

**2 Kurondera ubucuti:** Imana yashize buri wese mubayikurikira mu muhoro w'ubucuti budasanze kandi buhimbaye. Abantu beza cane bakenewe kubw'ivugabutumwa ry'umuntu ubwiye no kubw'ishengero ryaho nyene n'abantu baba bri muri uyu muhoro w'ubucuti rw'abanywanyi baba bahari ubu. Uyu mwimenyerezo uzofasha icabona kumenya abantu bakeneye Kristo mu bice bitandukanye vy'ubuzima bwabo kugira ngo bashobore kwitangira kwubaka ubwo bucuti kubushake bwabo.

**3 Gusengera abagenzi banje:** Mpwemu Yera niwe yemeza icaha abantu, akabarongorera kuri we, agakura uruhumyi ku maso yabo y'impwemu, akabahishurira ubutumwa bwiza, akabaha ingabire y'ukwizera kandi akabanagura. Kubw'ivyo, isengesho kubw'abagenzi bacu ni yonzira nyamukuru yo kubabona baza kuri Kristo. Iyi ntambuko izoshoboza abakora gusengera abagenzi babo bisunze ijamba ry'Imana. Hanyuma yivyo, bazoshobora rero kubona Mpwemu Yera akora ibitangaza co guhumekera impwemu y'ubuzima bushasha mu mutima wabo azorokora.

**4 Ugushiraho ibiganiro vy'ivy'impwemu:** Tuba mu gihe cihariye n'umwidgegemvye bidasanze c'uko umuntu yihitiramwo murico gihe ivyo umuntu acamwo ni bwo bushobozi bwiwe buganje. Uwo mugenzi utegerezwa kwubahirizwa mugihe uwuba ariko araraba agaragaza ibiri mu mitima wiwe biciye mu kwumviriza ukurongowe na Mpwemu Yera. Kubera ko ugutangura ibiyago vy'Impwemu ari igice kigoye cane co kuvuga ubutumwa bwiza, kuca hajaho urukurikirane rw'ibibazo vyinshi kandi vyiza bizomuha icizere nyamukuru cokuva mu biyago vy'ivy'isi baja mu biyago vy'Impwemu.

**5 Ugusangiza inkuru yanje:** Kubera ko umugenzi w'ivyo umuntu acamwo biba bikunzwe cane mu mico yacu y'igihe c'ukwidgegemvya, intahe y'umuntu ubwiye yuko yaje ku kwizera Kristo ni igikoresho gikomeye mu kuvuga ubutumwa bwiza. Ugusangiza abandi urugendo rw'umuntu rwo kwizera bizomufasha kumenya no guhuza ubuzima inkuru y'ukwizera kw'ukuri. Ukoresheje intahe

y'Intumwa Pawulo nk'akarorero, uwuraba azokwiga ukuntu yosangiza abandi uko ubuzima bwiwe bwari bumeze imbere yo kwakira Kristo, ukwo yaje kuri Kristo n'ukuntu ubuzima bwiwe bwahindutse kuva yamaze kwakira Kristo.

**6 Ugusangiza inkuru yiwe:** Hari ubwoko ibihumbi butandukanye bw'inyandiko abantu boshobora gukoresha kugira bavuge ubutumwa bwiza, none ni kuberiki bakenera ikindi? Inyandiko nyinshi z'ivugabutumwa ni insiguro zitagira uburyo bwokugira ikiganiro. Intambuko zokumenya Imana ntabwo ari ikiganiro c'umuntu umwe; ni ikiganiro c'abantu beshi. Iki nikiyago cerekejwe aho mu gice cose c'ubutumwa bwiza gikurikirwa kandi n'ikiganiro c'ibibazo vyashiriweho kwumviriza umutima w'umuntu yakira ubutumwa bwiza.

**7 Inyigisho yimbitse y'ubutumwa bwiza—Ibibazo nyamukuru bikomakomeye vy'ubuzima:** Iki n'ikiganiro cimitse c'ubutumwa bwiza bwishimiza ku bibazo bikomeye cane umwe wese yibaza.

- 1) Navuye hehe?
- 2) Ndi inde?
- 3) Kuki ndi ngaha?
- 4) Ndiko nja hehe?

Ni ikiganiro cerekeje, kibandanya kandi gishingiye k'ubucuti bw'inkuru yawe, inkuru yanje n'inkuru y'Imana. Mugusomera hamwe, abariko bakurikirana bazibaza ibibazo vyinshi bizotuma bavuga neza badakekeranya indangagaciro zabo z'ivy'Impwemu no kumenya ubushobozi bw'ubutumwa bwiza.

**8 Inyigisho z'intango z' abizeye bashasha - Urukurikirane rw'integuro:** Uwukurikirira Kristo wese akeneye gukomezwa no gushing'imizi mu kwizera. Iki cerekezo c'ikiyago c'abizeye bashasha hamwe n'abatigeze bahabwa umushinge ukomeye ni inyigisho mu bice bitandatu vy'ukuri nyamukuru gukenewe ku bakurikirira Kristo. Muri yashusho nyene ya "Inkuru yawe, inkuru yanje n'inkuru y'Imana", abariko bakurikirira bazomenya ukuri kwuzuye cane, gukomeye na nkenerwa ku buzima rukristo.

**9 Uburyo bubanya bwo kwiga Bibilia—Urugendo:** Uwukurikirira Kristo wese ategerezwa kwiga guhinduka uwiye igisha yigaburira ubwiye Ijambo ry'Imana ryuzuye kubwiye ritagira agatosi. Uwukurikirira Kristo wese akwiye kumenyana akanywana na Yesu Ubwiwe. Urugendo rwigisha uwukurikirira uburyo bubandanya bw'inyigisho ya bibiliya, igizwe no kwitegereza, gusubiramwo no mugushira mu ngiro. Ni urugendo rw'indwi umunani biciye mu gitabo ca Luka, mugusoma inusu y'igice ku musi umwe, no mukwiga gufata icete no nukuntu hokwandikwa hakanabikwa ivyo baba bariko bumva nk'ijambo ry'Imana buri musi.

## Intambuko 1:

### UKWITEGURA MU MPWEMU---KWITEGURIRA UMWIMBU

Yesu Kristo ariko abahamagarira kwifatanya nawe mu gikorwa ciwe co kurondera no kurokora abazimiye muri iyi si. Nico gituma turyita Itegeko Rikuru.

<sup>19</sup> Nuko ni mugende, muhindure amahanga yose abigishwa, mubabatiza mw'izina rya Data n'iry'Umwana n'irya Mpwemu Yera; <sup>20</sup> mubigishe kwitondera ivyo nabageze vyose. Umve, ndikumwe namwe imisi yose, gushitsa ku muhero w'isi.

(Matayo 28:19-20)

Iki ntabwo ari intererano ku bakozi b'Imana b'abanyamwuga. Ni itegeko ku mwigishwa wa Kristo wese.

Imbere y'ugutangura urugendo rw'mpwemu, dutegerezwa kubanza kwitegura mu buryo bw'impwemu. Ivyo bihera mukuraba icatumye Yesu ahitamwo Urukundo nk'icemezo c'igikorwa ciwe. Muri Matayo 22: 36-40, baramubajije,

Ati mwigisha, ibgirizwa risumba ayandi mu vyagezwe n'irihe? Aramwishura, ati "Mukundishe Uhoraho Imana yanyu imitima yanyu yose n'ubugingo bwanyu bwose n'ubgence bganyu bgose." Iryo niryo rihambaye rya mbere. Hari irindi rya kabiri rimeze nkaryo n'iri: 'Mukunde bagenzi banyu nk'uko mwikunda'

Urukundo n'impuhwe bizotunganya imitima yacu....

<sup>35</sup> Yesu agendagenda mu bisagara vyose no mu mihana yose, yigisha mu masinagogi yabo, avuga ubutumwa bgiza bg'ubgami, akiza indwara zose n'ubumuga bgose.<sup>36</sup> Abonye ishengeru, rimutera akagongwe, kuko bari bagowe, basabagiye nk'intama zitagira umwungere.<sup>37</sup> Maz' abgira abigishwa biwe, ati' "ivyimburwa ni vyinshi, arikw'abimbuzi ni bake."<sup>38</sup> Nuko ni mwinginge Nyen'ivyimburwa arungike abimbuzi mu vyimburwa vyiwe." (Matayo 9:35-38)

Impuhwe kubw'ukwihebura kwabagenzi bacu bidusunikira gukiza, gusenga no kubamenyesha inkuru nziza y'ukuntu Yesu Kristo yoshobora guhindura ubuzima bwabo. Impuhwe za Kristo gitegerezwa kujajangura imitima yacu.

**Dufatiye ku murongo wa 36, Niki catumye Yesu akora ivyo yakoze?**

Muri make umurongo wa 36 uravuga ngo bari “Bagowe”. Ariko ijambo ry’aho ririnjira kure cane. Ni ijambo risigura umubiri wamaze gutabagara, umugore yamaze kwononekara, umuntu arambaraye hasi yarushe cane gose nk’imborerwa mu mufurege, canke umusirikare yaryamye hasi yuzuye ibikomere bibi cane.

**Nibande woshobora kwiyumvira ,uri uyumwanya bakwiranye n’abo bari mw’ico gicapo gitanzwe ngaho?**

**Nibiki bariko barabamwo?**

Ukwihebura kwa bagenzi bacu gutegerezwa kudasunikira Gusenga no Kugenda.

Mwiyumvire nk’umurimi avyutse mu gatondo akazuba karashe habona; aragiye hanze akitegereza mu ndimiro yuzuye ingano zeze, zinyiganyiga buke buke mu muyaga, kandi zikaba zigeze kwimburwa. Igihe umurimi yamaze ici ryose arima yongera ateragira imbuto yiwe, ubu rero akaba abonye kw’ ibiterwa vyamaze gukura mbere bigeze kwimburwa, we aranezerwa cane.

**Ni gute iki gicapo gitegerezwa kudutuma tubwira abandi ubutumwa bwiza bw’ubwami?**

Nkuko havyerekana mu 1 Ab’i Tesalonike 1:5, “Kuk’ubutumwa bgacu butabashitseko ar’amjambo yonyene, ariko bgarimwo ubushobozi na Mpwemu Yera, no kumara amazinda rwose.”

Dutegerezwa gusengera ukwuzuzwa Mpwemu Yera gushasha ariko twihana icaha cacu tukarekera buri gace k’ubuzima bwacu k’uburongozi bwa Mpwemu Yera kugira ngo tube imbugita zakuwemwo imigera yose kugira dukore igikorwa co kuvura imitima yamenetse mu buryo bw’impwemu.

Ngiyi intererano y'isengesho ryo gutanga ibice vyose vy'ubuzima bwanyu mu kuganza kwa Mpwemu yera kugira ngo abahe inkomezi zo kwubaka abigishwa ba Kristo birwiza

*Mwami Yesu,*

*Ubu nyene, ndashaka ngusabe uhige mu mutima wanje unyereke nimba hari icaha noshobora kwatura no kwihana. Ndacaturiye wewe, nizeye mu rupfu rwa Kristo ku musaraba kubw'imbabazi, ugukiza n'ukunaguka.*

*Ndarekuye ubuzima bwanje ngo buganzwe Na Mpwemu wawe ubu.*

*Ndaguhaye ivyiyumviro vyanje ngo ubiganze bigire ikibanza ushiramwo ivyiyumviro vyawe mu bwenge bwanje binyemerera kuba icabona ciza n'uwuhindura abigishwa.*

*Ndaguhaye amaso yanje ngo uyaganze, kugira ngo nshobore kubona abantu ndabiye mu mbone ya Yesu, nshobora kumenya ivyo bakeneye nuko nobafasha.*

*Ndaguhaye amatwi yanje ngo uyaganze kugira ngo imisi yose mbe niteguye kwinjira mu kwumviriza kurongowe na Mpwemu yera mu kubaza ibibazo vyiza.*

*Ndaguhaye ururimi rwanje ngo uruganze kugira ngo nshobore kuba niteguye gutanguza ibiganiro cy'impwemu, mu bihe nyavyo no hanze yavyo.*

*Ndaguhaye ugushaka kwanje ngo ukuganze kugira ngo imisi yose mbe niteguye kwumvira ivy'umpamagarira kubwira abantu ivya Yesu Kristo.*

*Ndaguhaye ibigumbagumba vyanje ngo ubiganze kugira ngo nshobore kugira impuhwe n'urukundo nk'ivya Yesu agirira abatamuzi.*

*Ndaguhaye umuburi wanje ngo uwuganze kugira ngo nkoreshe inguvu zanje mu kubona abantu bamenya kristo kandi bubakwa kugira ngo bavyare abigishwa ba Kristo.*

*Urakoze kunsezeranije ko ico nsavye cose mu bugombe bwawe, uzokimpa. Ndabizi ko ari ubugombe bwawe ko nuzuzwa Mpwemu wawe kubera ko wantegetse ku mwakira. Ubu, mpa ubushobozi bwokugendera muri Mpwemu kuko nshaka kukubona mu kubona abantu benshi bahinduka abigishwa bwa Kristo birwiza.*

*Amen*

## **Intambuko ya 2:**

### **UKUZIGANYA MU BUCUTI**

Vyose birangiye, ibizoba bihambaye mu buzima bwawe ntabwo ari iterambere nkuko isi ibibona, ariko abantu mwakunze nabo bakabakunda. Ni mubuhe bucuti mwiziganijemwo? Nimba guhindura abantu abigishwa biboneka nk'inyifato ikomeye mu buryo bw'impwemu, aho bamwe ari bo bashobora kubishitsa, ariko biratahuritse ko tubura icizere muvuyo dushoboye. Ariko, nimba guhindura abandi abigishwa ba Kristo biboneka nk'imigenderanire y'urukundo n'abantu bake akaba aribo bashobora kubihemberwa munyuma kandi muri abo nyene Imana igatanga ubushobozi, aba Kristo bese rero bobikora kandi bikagenda neza.

### **IGIKORWA C'IMANA C'UBUCUTI**

Igikorwa ca Yesu Kristo cari cubakiye ku bucuti cane gose. Igihe yahamagara abigishwa biwe ngo bamukurikire, yasigura neza kumukurikira. Yagiye mu bisagara mu kiringo c'imyaka itatu yarahejeje uburyo bworoshe bw'igikorwa c'Imana. Yamaranye umwanya n'abantu mu buryo bw'ikibano, yishuriye abantu ivyo bakeneye bihebuye mu ubuzima bw'abantu yahuye nabo, yaravuze ubutumwa bwiza bw'ubwami- mbega vyoba bwomera gute ubayeho ubuzima buhuye n'ukw'Imana no musiy'Uburongozi bwayo.

### **IMIGENDERANIRE YO KUBANA**

<sup>9</sup>Yesu ahavuye, abona umuntu yitwa Matayo, yicaye aho yatoreza ikibuguro. Aramubwira, ati Nkurikira. Ava hasi aramukurikira.<sup>10</sup>Kandi Yesu acicaye mu nzu arikw' ararya, haza benshi mu batozakori n'abanyavyaha, basangira na Yesu n'abigishwa biwe.

(Matayo 9:9-10)

Ikintu ca mbere Yesu yabwira umwigishwa wiwe mushasha kwari uko asubira muhira iwe agaheba imisi mikuru. Yaramubwira gutumira incuti ziwe akazibwira ivya Yesu Kristo. Abantu Matayo yarazi bari abatozakori gusa n'akarwi kari kazi kwar'ak'abanyavyaha. Iyo yari integuro. Abigishwa ba Kristo bari bahari kugira bashikire bagenzi babo mu muhora w'ubucuti bakabanza bakanezererwa umurwi wabo bariko barababwira ivya Yesu.

**Nibihe bintu mukunda gukora kandi n'ibihe bibanza mukunda kujamwo mwishimire ubucuti mufitanye n'abandi?**

**Vyogenda gute Nkubu turavye abantu dushikira mu muhora w'ubucuti bwacu ari kukanezerwana nabo kugira ngo tumarane umwanya nabo nk'ibisanzwe? Ibi bituma habaho icizere kandi bikarema ikirere cokwinjira mu biganiro vy'Impwemu. Mbega hari uwo uciye wiyumvira kandi mwotegerezwa gutumbera?**

## **GUTANGA IVYANKENERWA**

Uko Yesu yagenda mu gisagara aja mu kindi, yagenda akorera ibitangaza mu gutanga ivyo bari bakeneye mu buzima bw'abantu yahura nabo. Yarakijije abarwaye, arazura abapfuye, ahaza bashonje yongera acecekesha imiyaga mukiyaga yari ieye ubwoba ubuzima bwabagenzi biwe. Mubona gute dukoze nk'uko? N'ibihe tubona ko bikenewe mubibano vyacu?

Harico tugiye turasengera ubudasiba abantu duhuje ubucuti tukanaraba ivyo bakeneye twoshobora guhura? Igihe abagenzi bacu boba bariko baca mu bihe bikomeye, twoshobora guhura nabo tukamenya ivyo bakaneye nka kurya kw'abasoda b'umubiri bakora ku gikomere. Tuzoshobora gushikira abantu bosd jkandi turonke uburyo tubaganiriza imibereho yabo mu buryo bw'Impwemu.

Vyogira itandukaniro rinini n'akamaro mu migenderanire yacu tugiye turahiga amahirwe yuko tuziganya mu mu migenderanire. Twoshobora kumenya imisi mikuru y'amavuka n'amasabukuru tukaza turingika ibahasha kugira twifatanye nabo mu munezero. Twohiga uburyo dukemurira ivyankenerwa incuti zacu zibabaye.

Igihe twokwiyemeza kuriha ikiguzi kugira dushore umutahe mu migenderanire, intambwe ikurikira n'ugukora urutonde rw'abagenzi bacu abo uzoza usengera. Birakenwe cane kwandika amazina y'abantu mu murongo w'imigenderanire yacu kugira ngo tugumane amazina yabo imbere yacu tuguma tubasengera buri musi. Genda muri murwi w'abanywanyi bawe hama ugire urutonde rw'amazina y'imirwi itandukanye y'abantu kandi uce akarongo kumazina y'abataramenya Kristo.

Umuryango wa hafi

Umuryango wa kure

Abagenzi

Ababanyi

Abomukorana hamwe

Abantu mukorana urudandazwa

Abantu usanzwe uzi

Abantu wokwishimira kumenya

Abanywanyi b'imirwi y'inkino

Abantu muhuzwa kubwa gahunda y'Imana

### **Intambuko ya 3:**

#### **UGUSENGERA ABAGENZI BANJE**

Yesu yigishije gusenga abigishwa biwe. Kuber'iki? Isengesho ryerekana ugushaka kwanyu mu kwumviriza no kubaho kubw'ubushobozi bw'Imana kugira ngo bubakurongore ku mahitamwo yayo y'umuntu muhamagarirwa kwiziganyamwo.

Kubera ko mu kuhabo kw'agakiza ari igice kinini igikorwa ca Mpwemu w'Imana, ugusengera abagenzi bacu bizogira impinduka nini mu kubabona bashika ku gakiza.

Nimwiyumvire igikorwa Mpwemu Yera akora mu gakiza k'umuntu. Ni Mpwemu yera atwemeza icaha, ni we adukwegera kuri we, niwe akura uruhumyi kumaso yacu kugira ngo dushobore kubona Kristo kubw'ico ari, niwe aduhishurira ubutumwa bwiza, niwe atanga ubumuntu buturongorera kwihana, niwe aduha ingabire y'ukwizera kandi ni we aduhumekera impwemu y'ubugingo bushasha, arivyo bituma tuvuka ubwakabiri.

Ntaburyo nabumwe bwogusenga bukomeye gusumba gusenga twisunze ijambo ry'Imana. Iyo musenga, musabe Imana uko o iyi mirongo yokoreshwa mubantu muba muriko musengera.

#### **SENGA....**

##### **Kubwa Mpwemu w'Imana abakwegere kuri we**

“Ntamuntu n'umwe ashobora kuza kuri jewe Data yantumye atamukwegereye....”(Yohana 6:44)

##### **Kubwabo ngo bizere Ivyanditswe vyera**

“...Nuk'ukwemera kuva ku kwumva n'ukwumva kuzanwa n'Ijamba rya Kristo” (Abaroma 10:17)

##### **Kugira ngo habuzwe Satani kubashira ko uruhumyi rwo kubona ukuri**

“nibo batizera , bamwe imana y'iki gihe yahumye imitima, ng'umuco ntubakire w'ubutumwa bg'ubgiza bga Kristo, ni we shusho y'Imana” (2Ab'I kotinto 4:4)

##### **Kugira Mpwemu Yera abemeze**

“Uwo niyaza azohinyuza ab'isi, abemeze ivy'icaha n'ivy'ukugororoka....Ariko uwo Mpwemu w'ukuri niyaza, azobarongora abashitse ku kuri kwose” (Yohana 16:8,13)

### **Kugira bahabwe ingabire y'ukwizera**

“N’ukuri, n’ukuri ndababgire: Uwumva ijambo ryanje, akizera uwantumye, ni we afise ubugungo budashira” (Yohana5:24)

### **Kugira ngo Ubuntu bw’Imana bushobore kubarongorera k’ukwihana**

“Nuko mwihane, muhindukire, ivyaha vynyuhaha bihanagurwe...” (Ivyakozwe n’Intumwa 3:19).

### **Kugira bature ko Kristo ari Umwami**

“Kuko niwaturisha akanwa kawe yuko Yesu ar’Umwami, ukizera mu mutima yukw’Imana yamuzuye mu bapfuye, uzokizwa. Kuk’umutima ariwo umuntu yizeresha akaronga ukugororoka: Kand’akanwa akaba ari ko yaturisha, akaronka agakiza” (Abaroma 10:9,10).

### **Kugira ngo bashing’imizi kandi bakurire muri Kristo**

“Nuko nk’uko mwakiriyirye Kristo Yesu Umwami wacu, abe ariko mugendera muri we, mushinze imizi muri we, mwubakwira muri we, mushikamishijwe n’ukwizera nk’uko mwigishijwe, murushiriza gusenga” (Ab’I kolosayi 2:6,7).

## Intambuko ya 4:

### UGUTANGUZA IBIGANIRO VY'IMPWEMU

Ibibazo vyiza ni yo nzira nziza mugutangura ibiganiro vy'impwemu imisi yose. Ihangiro y'ikiganiro icari co cose yari ikwiye kuba kuremwa “Ikirere c’Imana” biciye mu kiganiro ciza. Ibiganiro vyo mu “Ikirere c’Imana” bisiga abantu bumva bubashwe kandi n’ivyiyumviro vyabo ari nkenererwa; ibi bituma akaryo k’Imana gakora muri bo kugira ngo bugurukire ivyo ubereka.

<sup>5</sup>Mugendane ubgence ku bo hanze, mugura uburyo mubugwiza. <sup>6</sup>Imvugo zanyu zamane Ubuntu bg’Imana, zirunzwe umunyu, kugira ngo mumenye ingene mukwiye kwishura umuntu wese. (Ab’I kolosayi 4:5,6)

**Mwiyumvira ko ari ukuvuga iki ngo imvugo zanyu zame zirunzwe Ubuntu bg’Imana?**

Inama yo mu mutima w’Umuntu ni nk’amazi yo hasi nw’ibenga, Arik’umuntu w’umunyabwenge arayivoma. (Imigani 20:5)

**Kubwanyu, ni ubuhe buryo bwiza bwo gusohora ingorane mu mititma y’abantu mushaka gushikira?**

Imana yaduhaye amatwi abiri n’umunwa umwe kubw’impamvu. Mwige kwereka abantu inyungu iri mukubaza ibibazo vyiza muzosanga mwarose incuti nyishi mushobora kurongora. Ibibazo vyiza bitubera nk’ikiraro kidushikana kubiganiro vy’ivy’impwemu. Hitamwo kimwe canke vyinshi vyoshobora kuborohera mubaza mutekanye.

- Noshobora kukubaza icyumviro cawe kubintu biraho? Kubwanyu, N’iki ishengerero ryari rikwiye kuba rikora kugira ngo rigire vyukuri itandukaniro mu bibano?
- Mbega woba ushimishwa n’ivy’Impwemu?
- Mbega woba hari ivyizerwa vy’ivy’impwemu ufise wisangije?

- Vyari bimeze gute ivy'ukwizera kwawe canke imigenzo ndoramana wacyemwo? Mbega vyari ibihe vyiza canke bibi?
- Mbega urizera ubushobozi bw'isengesho? Hari uburyo noshobora kugusengera?
- Nkubu Imana igukoreye igitangaza ikaguha ikintu cose ukeneye, coba ikihe?
- Urafise icipfuzo cogukura mu murugendo rwawe rw'ivy'impwemu?
- Iyo wumvise ijambo "Umu Kristo", Ni ikihe kintu ca mbere kiza mubwenge bwawe?
- Woba warageze ahantu mu buzima bwawe aho uzi neza ko nkubu upfuye ku mugoroba woshobora kuja mw'ijuru, canke hariho ibindi woca ukora?
- Nkubu yaba wari gupfa ku mugoroba hama ugahagara imbere y'Imana ikaca ikubwira ngo, "Kuki noguhamagarira kuzana mw'ijuru ryanje?", woca uvuga ngo iki?
- Wiyumvira k' umuntu akenera kwizera kugira ngo abe umu Kristo?
- Woshobora kuba ufse umwanya w'ikiganiro ca Bibiliya kubijanye no kuronka icemezo y'ubugingo budashira/buhoraho mw'ijuru n'ukuntu umugambi w'Imana ku buzima bwawe ubu?
- Noshobora gusangira namwe uko natanguye kugiriranira amahoro n'Imana?

Ubu rero mwamaze gutora ikibazo kimwe canke vyishi, kora agakino mu kubazanya mwishura kimwe canke vyishi n'uwo murikumwe. Ubwambere umwe abaze ikibazo uwundi yishure hama banyuranye nawe akubaze nawe wishure.

Ikintu cose yakiremye ari ciza mu gihe caco. Kandi yashize ivyiyumviro vy'ibihoraho mu mitima yabo. (Umusiguzi 3:11)

**Nigute ivyo bikora ku cizere canyu co kumenya yuko Imana yatanguye gukora kandi yashize ivyiyumviro vy'ibihoraho mu mutima y'umuntu wese?**

## Intambuko ya 5:

### GUSANGIZA INKURU YANJE

Inyum yo gutangura ikigiro co mu buryo bw'impwemu mukubza ibibazo vyiza bijanye n'inkuru zabo, turashobora guca dukurikiza kubasangiza inkuru yacu. Uburyo bwiza bwo kugira uruhanane ni kubaza uti, “ Noshobora gusangira namwe inkuru y’Imana yanje?”, canke ngo “noshobora kusangira namwe ukuntu naronse amahoro n’Imana?” Gukora inkuru ntoya y’iminota nk’itatu bizobafasha insiguro ndende kandi irashobora no kugera kure. Intumwa Pawulo yaraduhaye akarorero keza k’uko twotanga inkuru ycu nk’uko yatanze inkuru yiwe ku mugaragaro ku ngoma y’abaroma. Nkuko mubisoma biciye kuri iyi ncuro, ishura ibibazo bikurikira kugir ngo mutangure guhererekanya inkuru yanyu.

<sup>1</sup>Agiripa abarira Paulo, at’ “Uremereye kwiregura”. Maze Paulo aramvura ukuboko, *ariregura*, <sup>2</sup>at’ “Ivyo narezwe n’Abayuda vyose, mwami Agiripa, numva nnezereye kw ari wewe ngira mvyiregureko uyu musu: <sup>3</sup>kandi cane-cane kuk’ uzi imigenzo n’impari vyo mu Bayuda vyose: ni co gitumye nkwinginga ngo wihangane, unyumvirize. (Ivyakozwe n’intumwa 26:1-3)

### I.K(Imbere ya Kristo).-Ubuzima bwanje imbere ya Kristo

<sup>4</sup>Ingeso zanje, uhereye mu buto bganje, izo narukanye mu bgoko bgacu n’i Yerusalemu, Abayuda bose barazizi.<sup>5</sup>Kandi bokwemera kubishingira intahe, baranzi, uhereye mbere na mbere, yuko nar’ Umufarisayo wo mu muce urusha iyindi yo mw idini yacu gushimikira imigenzo. <sup>6</sup>None mpagaze ngo ncirwe urubanza, kuko nizigira kuzobona ivy’ Imana yasezeraniye ba sogokuruza: <sup>7</sup>ivy’ imiryango yacu cumi n’ibiri yizigira kuzobona, ikorera Imana ishizek’ umwete mwinshi ku murango no mw ijoro. Kandi ni kubg’ ivyo vyizigiro ndezwe n’Abayuda, mugenzi! <sup>8</sup>N’iki gituma mugira ngo n’ikintu kitoruha cemerwa kw Imana izura abapfuye? <sup>9</sup>Nanje ubganje nahora niyumvira muri jewe yuko nkwiye gukora vyinshi birwanya izina rya Yesu Umunyanazareti.<sup>10</sup>Kand’ ivyo narabikora nyene nd’i Yerusalemu, ngashira abera benshi mu mabohero, mpawe ubushobozi n’abaherezi bakuru, kand’ aho babica, nanje nishira mu bemera ko bicwa. <sup>11</sup>No mu masinagogi yose nabahana kenshi, nkagerageza cane kubatukisha Yesu; kandi kuko nasazwa cane mbazira, narabatuza no gushitsa mu bisagara vy’abanyamahanga. (Ivyakozwe n’Intumwa 26:4-11)

**1—Nigute umuryango wawe n’abagenzi bavuga ubuzima bwawe imbere yuko Imana yiyerekana muri bwo?**

**2—Ni ayahe majambo yerekana mu ncamake inyifato yawe imbere yuko umenya Imana?**

**3—N’izihe ntambara no kunanirwa bikomeye wagize?**

**4—Nigute wagerageza kugira wishure ivyukenyeye mu buzima bwawe ata Mana irimwo?**

**5--Ni hehe wasanga insiguro y’uwuriwe imbere yoguhura na Yesu?**

## **UKO NAHUYE NA KRISTO HAMWE N’UBUTUMWA BWIZA**

<sup>12</sup>Ngikora ivyo, nja i Damasiko mpawe ubushobozi ndungitswe n'abaherezi bakuru.<sup>13</sup>Nuko mugenzi, nkigenda mu mashoka, mbona umuco uvuye mw ijuru, urusha ukw izuba rica ibibatsi, unkayanganira irya n'ino, twe n'abo tugendanye.<sup>14</sup>Twese twikubise hasi, numva ijwi rimb gira mu rurimi rw'igiheburayo, riti “Sauli, Sauli, umpigira iki? Erega birakugoye gutera imigere ku mihunda.<sup>15</sup>Nanje ndabaza , nt' Uri nde ga Mwami? Umwami aranyishura, ati Ndi

Yesu, uwo urik' urahiga.”<sup>16</sup>Ariko va hasi, hagarara n'ibirenge vyawe: kukw igitumye nkwiyerekera, ar' ukugira ngo ngutoranye nkugire umukozi wanjye n'icabona co gushingira intahe ivy' umbonanye, n'ivyo nzokwiyerekeramwo; <sup>17</sup>ndagukize abo mur' ubu bgoko bo n'abanyamahanga, ni bo ngutumyeke, <sup>18</sup> kubahumura amaso kugira ngo bahindukire bave mu mwiza baje mu muco, bave no mu bubasha bga Satani baje ku Mana, bateko baharirwe ivyaha vyabo, baraganwe n'abejejwe n'ukunyizera. (Ivyakozwe n'Intumwa 26:12-18)

**6--Niki canke ni nde Imana yakoresheje ngo kigukangurire kuyikenera?**

**7--Ni iyihe mihangayiko, ugukekeranya n'ugutinya wagize mukugiranir isezerano na Yesu?**

**8--Ni ryari kandi ni gute wagiraniye isezerano kuri Yesu? (Tomora neza)**

**9—Ni gute wamenye neza ko Ivuka ryo mu buryo bw'Impwemu ryabaye mu buzima bwawe?**

**10—Ni ikihe kintu wibuka wabayemwo igihe wakanguka ukamenya ukuri kw'Imana?**

## **I.U(inyuma y'ubwigishwa) . UBUZIMA BWANJE MAZE KWAKIRA UMWAMI YESU**

<sup>19</sup>Nuko, mwami Agiripa, sinanka kwumvira ivyo neretswe vyavuye mw ijuru.<sup>20</sup>Ariko nabanje kubgira ab'i Damasiko hanyuma ab'i Yerusalemu, n'abo mu gihugu cose c'i Yudaya, n'abanyamahanga na bo, yuko bakwiye kwihana, no guhindukirira Imana, bakore ibikorwa bikwiranye n'ukwihana. <sup>21</sup>Ni co catumye Abayuda bamfatira mu rusengero, bakageza kunyica.<sup>22</sup>None nabonye gutabarwa kwavuye ku Mana, ndacahagaze kugeza n'ubu, nshingira intahe aboroshe n'abahambaye, nta kindi mvuga atar' ivy' abavugishwa n'Imana na Mose bavuze ko bizoba, <sup>23</sup>yuko Kristo atazobura kubabazwa, kandi kw ari we azobanza kuzuka mu bapfuye, no kubgira ubgoko bgacu n'abanyamahanga ubutumwa bg'umuco. (Ivyakozwe n'Intumwa 26:19-23)

**11- Ni gute Imana yatanze inyishu ku mibabaro, intambara n'ivya kubabaza wacyemwo imbere yokwakira Kristo ?**

**12—Ni zihe mpinduka Imana yatanguye kuzana mu nyifato yawe, mu bikorwa no mu kayabagu?Vyabaye ako kanya, canke vyarafashe umwanya?Sigura.**

**13—Ni gute ubuzima bwawe butandukanye nuko wari umeze imbere yo kwakira Kristo?**

## INTAMBUKO YA 6:

### KUVUGA INTAHE YANJE-INTAMBUKO ZO KUMENYA IMANA

Ubutandukane bw'ubukristu, iyo ushize hamwe n'uko isi ibibona, ubusanga mu bushobozi bw'urupfu, uguhambwa no kuzuka kwa Yesu Kristo, ubutumwa bwiza. Ayandi madini yose aragerageza kutwerekana ukuntu twodukga ku musozi w'Imana. Ariko mu bu kristo, Imana iraza kuri twebwe hama ikadukorera ivyo tudashoboye kwikorera. Ayandi ma diini yose avuga "Gukora", ariko muri Kristo havuga ngo "Birangiye".

Kuganira ukuntu woronka amahoro n'Imana mu kubaho umugambi wayo nico kiganiro ciza muzogira.

### INTAMBUKO ZO KUMENYA IMANA

**Mwoba mushimishwa n'ibijanye n'ivyimpwemu?**

**Ni gute woshobora kuvuga urugendo rw'ukwizera kwanyu?**

**Mwoshobora kuraba izi intambuko zo kumenya Imana, umugambi wayo n'isezerano ry'ubugingo budashira?**

**Ugutahura ukuri gukenewe kubijanye n'ivy'impwemu**

**Iremwa:** Imana irabakunda cane kandi yakuremye kubw'umugambi utangaje.

**Urukundo rw'Imana:** Kuk' urukundo Imana yakunze abari mw isi ari rwo rwatumye itanga Umwana wayo w'ikinege, ng' umwizera wese ntaz' apfe rubi, arikw ahabge ubugingo budashira. (Yohana 3:16)

**Bituma mwiyumva gute kumenya yuko Imana ibakunda rwose vyatumye itanga Umwana wayo Yesu ngo apfe kubwanyu?**

***Umugambi w’Imana:*** <sup>29</sup>Yesu aramwishura, at' Iry' imbere n'iri, ngo Ni mwumve, yemwe Bisirayeli: Uhoraho Imana yacu ni we Uhoraho wenyene. <sup>30</sup>Kandi mukundishe Uhoraho Imana yanyu imitima yanyu yose, n'ubugingo bganyu bgose, n'ubgenge bganyu bgose, n'inkomezi zanyu zose. <sup>31</sup>Irya kabiri ngiri, Mukunde bagenzi banyu nk'uko mwikunda; nta rindi bgirizwa risumba ayo. (Mariko 12:29-31)

**Mwiyumvira iki kugukunda Imn no gukunda abantu nk’umugambi ukomeye cane ku buzima bwanyu?**

***Ukwononekara:*** Tuba mw’isi yononekaye n’indoto mbi, imigenderanire itosekaye n’imitima imenetse.

**Ni gute mubona ukwononekara mw’isi aho muherereye?**

**Ni gute wabonye ukwononekara mu buzima bwawe?**

Aho icaha caza mw’isi, caremye isi yononekaye n’ugutandukna n’Imana. Umuntu wese yatandukanye n’Imana kuko umutima wigenga wrekanye mugukora ibitandukanye n’ivy’Imana canke ukugarariza Imana.

None rero ko bimeze biryo, nk'ukw icaha cazanywe mw isi n'umuntu umwe, urupfu rukazanwa n'icaha, ni k'urupfu rushika ku bantu bose, kuko bose bakoze ivyaha. (Abaroma 5:12)

Arikw ibigabitanyo vyanyu ni vyo vyabatandukanije n'Imana yanyu, kand' ivyaha vyanyu ni vyo vyabakingiriye mu nyonga hayo, bituma yanka no kwumva. (Yesaya 59:2)

**Urupfu rwerekanwe gusigura ugutandukana n'Imana kw'ibihe vyose n'urupfu rw'umubiri. Ni kuberiki mwiyumvira yuko bigoye cane ko abantu bemera yuko bacumuye ku Mana kandi bakeneye imbabazi?**

**Nkubu iyaba wari guhanagura ikintu cose wicuza muri kahise, wohanagura iki?**

**Murabona ugukenerwa kw'imbabazi z'Imana?**

*Ukunagura:* Yesu Kristo yapfuye ku musaraba kugira yishure igihano c'ivyaha vyacu kugira ngo tubabarirwe kandi tunagurirwe imigenderanire yacu n'Imana. Mu rupfu rwiwe, uguhambwa no kuzuka, vyatubereye ikiraro kizibira ikinogo c'ugutndukana kandi bigatuma tumenya Imana tukagendera mu buzima bushasha na we ibihe bidashira.

1. Kuko na Kristo yababajwe rimwe ahorwa ivyaha, umugororotsi yababarijwe abagabitanya, kugira ngw adushikirize Imana; yishwe umubiri, ariko yahinduwe muzima mu buryo bg'impwemu. (1 Petero 3:18)

**Bisigura iki kubwawe gutahura ko Yesu Kristo yapfuye ku musaraba kugira ngo arihe igihano c'ivyaha canyu, kugira ngo mubabarirwe kandi mwinjire mu bucuti n'Imana?**

## Ukuzuka:

Biciye mu kuzuka kwa Kristo, murashobora nawe kuzuka nawe ukagendera mu buzima bushasha n'Imana. “Nuko rer' umuntu wese iy' ari muri Kristo, aba ar' icaremwe gisha: ivya kera biba bihise, vyose biba bicitse bisha” (2 Ab'i Korinto 5:17).

**Nimba uzi ko uri muri Kristo, kandi ari muri wewe, ni gute ivyo vyohindura ukubaho uburyo uzi ko Imana ishaka ko ubaho?**

## Kwakira Kristo

Kugira wakire Kristo, ukeneye kwemera, kwizera, guhinduka no kwakira.

**Kwemera:** Kwemerera Imana ko wacumuye kandi ukeneye imbabazi.

**Nigute wikuye ku Mana kandi n'iki wizera kuba kugira ngo ubabarirwe?**

**Kwizera :** Mwimurire icizere canyu kuvyo mwakoze vyiza canke bibi muvuyo Yesu kristo yabapfiriye ku musaraba.

**Murizera kandi mukakira ukuri yuko Yesu Kristo yapfiriye ivyaha vyanyu kugira ngo mu babarirwe kandi mwuzure n'Imana?**

**Guhinduka:** Kwizera ubushobozi bwa Kristo muri mwebwe kugira ngo bibakomeze kugira ihinduka muzi uko ashaka ko mugira.

**Ni irihe hinduka mwibaza yuko Imana ishaka ko mugira mugihe mutnguye kumukurikira?**

**Kuva ubwo mumenye ko mutoshobora kugira izo mpinduka mu nguvu zanyu , mwoshobora kwizera Kristo ngo abakomeze mu kugira izo mpinduka?**

**Kwakira:** “Arikw abamwakiriye bose yabahaye ububasha bgo gucika abana b'Imana, ni bo bizeye izina ryiwe”.(Yohana 1:12)

Tumira Kristo aze mubuzima bwanyu nk’umunyembabazi kndi nk’uwuyobora icerekezo c’ubuzima bwanyu kuva kuri ako gace gakurikira.

**Uriteguye kwakira Kristo mu buzima bwanyu?**

Senga iri sengesho ubunyene kugira wakire Kristo...

*Mwami Yesu,  
Ndagukeneye. Warakoze kunkunda cane ukemera kumpfira ku musaraba. Ndakwemereye ko nacumuye, kandi nkeneye imbabazi zawe.Ndakwaturiye uburyo bukurikira nagiye nkuvako. (Bandanya waturira Imana.)Ndaguhaye icizere kubw’ivyo wankoreye igihe wampfira ku musaraba kubw’icaha canje. Ndizera igitambo cawe kubwanje gikwiriye kuhanagura icaha canje kandi bikwugurura ubucuti na we. Ndihanye icaha canje kandi ndakwizeye ngo unshoboze kugira izmpinduka zikurikira. (Bwira Imana impinduka ushaka kugira.) Nduguruye umutima wanjye kandi ndagutumiye ngo winjire kandi ube muri jewe ubuzima bwawe muri je biciye muri mpwemu Year.Urakoze kubwo kuncungura, kandi ubu ndagusaba kunshoboza kugukurikira mu gufatany no mubikorwa vy’ishengero rya Yesu Kristo.*

*Amen*

Raba ico Bibiliya ivuga kubijanye n'icemezo uhejeje kugira.

Ndababgire, Uko ni ko haba umunezero imbere y'abamarayika b'Imana kubg' umunyavyaha umwe yihannye. (Luka 15:10)

Ijuru ririko rigira umusi mukuru ubu! Uhisemwo neza kandi Urakaza neza mu muryango w'Imana.

## **Intambuko ya 7:**

### **INYIGISHO YIMBITSE Y'UBUTUMWA BWIZA—IBIBAZO BIHAMBAYE VY'UBUZIMA**

#### **INTANGAMARARA**

Abantu benshi bizera yuko ukuri bagusanga mu buzima umuntu wese yacyemwo ubwiwe, canke mugihe umuntu abamwo aba afise umwidegemvyo wo guhitamwo uburyo abaho. Rero, biba bikomeye cane aho tuvuga ubutumwa bwiza mu buryo bwiyyubashe mu kiganiro. Ubu buryo bw'iibiganiro butuma umuntu wese yegeanya ibibazo hama agatangura ikiganiro ciza ku vy'inyishu yico kibazo. Mu gace kose gakurikira muri iki gitabo ikibazo cose gitanga inyishu yo muri Bibiliya yishurwa kuri buri kibazo. Indunduro y'iki kiganiro irangira mu nsiguro yimbitse cane y'ubutumwa bwiza hamwe n'isengesho ryo kwiyemeza gukurikira Yesu.

Inyungu zo gutangura ubucuti bw'ubwigishwa mu kuraba cane Ubutumwa bwiza, hakoreshejwe ibibazo bihamaye ane mu buzima, nivyo uzoba 'uronka ku rupapuro rumwe' ukoresheje ubutumwa bw'urufatiro mu kwizera rukristo, werekana uko guhindura abigishwa bitangurana nogusangiza abagenzi banyu ubutumwa bwiza n'inyigisho z'ukuntu nabo bovuga ubutumwa bwiza kubo boshobora guhindura abigishwa.

Ubu rero, muriteguye gufasha gushiraho umushinge w'ivy'impwemu gushika k'ugukura, biciye mukubakurikirana, mu ntambuko ikurikira.

#### **IBIBAZO BIHAMBAYE VY'UBUZIMA**

Dushobora kwisanga twatwawe n'ivyihutirwa dutgekwa n'ubuzima hama ntidushobore kuraba ibibazo bikenewe cane vyerekeye n'uko ubuzima buri. Mwoba muriko murabaho nk'I bisanzwe canke muriko murabaho ubuzima bwanyu? Mubaho kugira mugemure ivyo ubuzima bubasaba canke muriho kubw'ubuzima bufise insiguro n'ubwigenge hamwe n'intego n'icerekezo?

Iyi nyigisho ibaha akaryo ko gusuzuma ibibazo bikomeye cane vy'ubuzima. Navuye he? Ndi inde? Kuki ndi ngaha? Ndiko nja he? Inyishu z'ivyo bibazo bizokugurura imfunguruzo k'ubuzima bufise insiguro n'ubwigenge. Tuzokoresha Bibiliya nk'isoko rikuru mugusuzuma ibi bibazo.

**Mwiyumvira iki kubijanye no gukoresha Bibiliya nk'icerekezo mu gusuzuma ibibazo bikomeye cane vy'ubuzima?**

Ni murabe impamvu zimwe zimwe zogukoresha Bibiliya.

- 1) Ni igitabo cambere kigurishwa cane ibihe vyose kandi cubashwe cane nk'indongozi ku ngorane zikomeye cane z'ubuzima. Vyuba vyiza n'imiburiburi gutahura ico ivuga kubijanye n'ibibazo bihambaye vy'ubuzima .
- 2) Hari amajana n'amajana y'ubuvugishwa n'ivyavuzwe imbere mw'Isezerano rya Kera kubantu bizoba mu myaka amajana izokurikira, kandi vyarabaye mw'isezerano rishasha mu buryo busobanutse.
- 3) Abanditsi ba Bibiliya baratanga ubwambere Intahe y'ibihe vyabaye baboba.

Reka turabe ico Bibiliya ivuga kubijanye n'ibibazo bihambaye cane vy'ubuzima

**1 Mbega navuye hehe ?**

**Ni ikihe cyumviro cawe kubijanye n'iyi umuntu yavuye ?**

Igihambaye cane gusumba gute canke ryari ubuzima bw'umuntu bwabonetse, ni kumenya uwaturemye. Bibiliya yigisha ko umuntu wese yaremwe n'Imana muntumbero y'iremwa ryayo ryiza.

Nukw Imana irema umuntu mw ishusho yayo, mw ishusho y'Imana ni ho yamuremye; irema abantu bar' uburyo bubiri. (Itanguriro 1:27)

Uhoraho Imana abumba umuntu mu mukungugu wo hasi, amuhumekera mu mazuru impwemu y'ubugingo; umuntu aca aba ufise ubugingo.(Itanguriro 2:7)

<sup>21</sup>Maz' Uhoraho Imana asinziriza uwo muntu ubutikoma, arasinzira: amukuramw' urubavu rumwe, ahomeka inyama mu gishingo carwo. <sup>22</sup>Urwo rubavu Uhoraho Imana akuye mur' uwo muntu, arukuramw' umugore, amuzanira uwo muntu.(Itanguriro 2:21-22)

**Bisigura iki kuri mwebwe kumenyako mutabayeho mu buryo giturumbuka butagira insiguro, ariko ko mwabumbwe kubw'umugambi w'Imana n'Imana ubwayo nyene ?**

**2 Jewe ndi inde ?**

**Mukwivuga uwuriwe, n'ibihe bimenyetso wokoresha mu kwishura ikibazo , « Jewe Ndi inde ? »**

Bibiliya ivuga abo turi mu nzira zitatu.

A. ***Turemwe mw'ishusho y'Imana*** : Twaremwe mw'ishusho y 'Imana n'ubushobozi bw'impwemu, kandi turi abagaciro kuri we. Rero, umuntu wese akwiye gufatwa mu rufasoni n'icubahiro.

Nukw Imana irema umuntu mw ishusho yayo, mw ishusho y'Imana ni ho yamuremye; irema abantu bar' uburyo bubiri. (Itanguriro 1:27)

**Mwiyumvira ko bisigura iki kuremwa mw'ishusho y'Imana ?**

Kuba turemwe mw'ishusho yayo bisigura ko dufise ubushobozi bw' impwemu ibindi bikoko bidafise. Turafise ububasha bwogusa n'Imana.

**Woba warigeze kugira « ibihe vy’Imana » canke ivyo wacyemwo ukumva umenga Imana yariko iravugana nawe ? Vyari bimeze gute?**

**Mbega ibijanye n’idini vyakera vyari bimeze gute ?**

<sup>13</sup>Kukw ari wewe waremye amafyigo yanje; Wanteranirije mu nda ya mama. <sup>14</sup>Ndagushimira yuko naremwe uburyo buteyeubgoba butangaje: Ibikorwa vyawe n'ibitangaza; Kand' ivyo, umutima wanje urabizi neza. <sup>15</sup>Urukanka rw'umubiri wanje ntiwaruhishwa Hamwe naremerwa mu mpisho, Hamwe naremesherezwa ubgenge i bgina mw isi. <sup>16</sup>Nkir' urusoro, inyonga zawe zarambona, Mu gitabo cawe handitswemw' imisi yanje yose, Yashinzwe hatarabaho n'umwe.(Zaburi 139:13-16)

**Niki iyi mirongo ivuga kubijanye n’ukwiyemera kwanyu ?**

**B. Twavukiye mu caha:**Naho twaremwe mw’ishusho y’Imana, kuber’icaha cinyunduruko ca Adamu, twavukiye mu caha kandi icaha cacu catumye dutandukana n’Imana.

None rero ko bimeze biryo, nk'ukw icaha cazanywe mw isi n'umuntu umwe, urupfu rukazanwa n'icaha, ni k'urupfu rushika ku bantu bose, kuko bose bakoze ivyaha. (Abaroma 5:12)

Urupfu rwerekanywe ngaha rusigura urupfu rw’umubiri n’uko hashobora kubaho ugutandukana n’Imana ibihe vyose.

**Kuber'iki mwibaza ko bigoye kw'abantu beshi bemera ko bacumuye ku Mana kandi bakeneye Imbabazi zayo ?**

Bose bakoze ivyaha, ntibashikira ubgiza bg'Imana. (Abaroma 3:23)

Icaha gishobora gusigurwa nk'ubwigenge bwo kwikura ku Mana mugutakaza igicapo cuko Yaturemeye kubaho. Bishobora kugaragara nk'ubugarariji tugira biciye mu bikorwa vyacu, amajambo canke ivyiyumviro, Bishobora kubonekera kandi mu buryo bw'ubudasa mukudakurikira imigenderanire yacu n'Imana.

**Nimba bese baracumuye, ni bangahe bojamwo aho ?**

Arikw' ibigabitanyo vyanyu ni vyo vyabatandukanije n'Imana yanyu, kand' ivyaha vyanyu ni vyo vyabakingiriye mu nyonga hayo, bituma yanka no kwumva. (Yesaya 59:2)

**Mwibaza ko bisigura iki gutandukana n'Imana?**

Amabwirizwa cumi twayahawe ngo atwereke ivyo Imana itugombako, Atari ukutunaniza, canke kuduha urugezo rw'ibidashoboka dutegerezwa kugira mu nguvu zacu. Reka turabe uko dupima aya amabwirizwa cumi.

1 “Ntukagire izindi mana umbangikanya.”(Kuvayo 20:3)

**Nibihe mu bintu vyabaye ivy'ikimazi cane kuri wewe gusumba Imana?**

2 “Ntukibazire igishushanyo.” (Kuvayo 20:4)

**N’ibiki wikoreye vyoshobora kuba ikigirwamana?**

3 “Ntugapfe kuvuga izina ryanje, jewe Uhoraho Imana yawe, ku vy’ubusabusa.”( Kuvayo 20:7)

**Woba warigeze uvuga Izina ry’Imana ku busa busa mu gihe cawe mw’isi canke utiriyubaha?**

4 “Wibuke kuziririza umusi w’isabato.” (Kuvayo 20:8)

**Woba buri gihe ushiraho umusi umwe mu ndwi woguhimbza Imana no kuruhuka?**

5 “ Wubahe so na nyoko.”( Kuvayo 20:9)

**Hoba harigeze habaho igihe aho utubashe canke ngo wereke icubahiro abavyeyi bawe?**

6 “Ntukice.”( Kuvayo 20:13)

Ariko Yesu yavuze muri Matayo 5:22, “Ariko jewe ndababgira yuk’umuntu wese azorakira mugenzi we azoba ashikiwe no gutsindwa n’urubanza.”

**Woba umaze kurakira canke kwanka umuntu n’umwe?**

7 “Ntugasambane.”( Kuvayo 20:14)

Yesu yavuze kandi ngo, “Nimba uraba umugore ukamwipfuza, uba umaze gusambana nawe mumutima wawe.” (Matayo 5:28)

**Woba warigeze kwipfza gusambana?**

8 “Ntukibe.”( Kuvayo 20:15)

**Woba umaze gutwara ikintu Atari icawe, harimwo nokwiba icubahira c’umuntu mukubavuga?**

9 “Ntukabeshe.” (Kuvayo 20:16)

**Woba umaze kubesha canke kubeshera umuntu?**

10 “Ntukifuze.” (Kuvayo 20:17)

**Woba umaze kwifuza ivyo uwundi muntu afise?**

C. ***Twahawe Ibituranga bishasha:*** Biciye mu mbabazi n’ubuntu bw’Imana, turashoboea guhambwa ibituranga bishasha nk’abana b’Imana—Umwami w’amahanga.

<sup>4</sup>Maz' igihe gikwiye gishitse, Imana ituma Umwana wayo, yavyawe n'umugore, kandi yavutse aganzwa n'ivyagezwe, <sup>5</sup>ngw acungure abaganzwa n'ivyagezwe, biduheshe gucika abana bayo. <sup>6</sup>Kandi kuko mur' abana bayo, Imana yatumye Mpwemu w'Umwana wayo mu mitima yacu, ataka, ati “Abba , Data.”<sup>7</sup>Ni co gituma utakir' umugurano, arik' ur' umwana wayo; kandi k'ur' umwana wayo, ur' umuragwa, ubihawe n'Imana.(Ab'i Galatiya 4:4-7)

**Iyo wiyumviriye ubudahangarwa bw’umwana w’umwami canke umwamikazi wagahugu gatoya nka England, Vyogenda gute ku bikuranga kumenya ko uri umwana umuhungu anke umukobwa w’umwami w’amahanga?**

**3 Kuberiki ndi ngaha?**

**Niki woshobora kuvuga kwari umugambi w’ubuzima bwawe bivanye n’ukuntu uriko urabubamwo?**

Bibiliya itwigisha ko Imana yaturemye kubw'umugambi, kandi uwo mugambi ni gukunda Imana no gukunda bagenzi bacu nk'uko natwe twikunda ubu be n'ibihe vyose bidashira.

<sup>28</sup>Haza umwe mu banyabenge b'ivyanditswe yumva babazanya, amenye kw abishuye neza, aramubaza, at' "Ibgerizwa ry'imbere muri yose n'irihe?" Yesu aramwishura, <sup>29</sup>at' "Iry' imbere n'iri", ngo 'Ni mwumve, yemwe Bisirayeli: Uhoraho Imana yacu ni we Uhoraho wenyene.

<sup>30</sup>Kandi mukundishe Uhoraho Imana yanyu imitima yanyu yose, n'ubugingo bganyu bgose, n'ubenge bganyu bgose, n'inkomezi zanyu zose'. <sup>31</sup>Irya kabiri ngiri: 'Mukunde bagenzi banyu nk'uko mwikunda'. Nta rindi bgerizwa risumba ayo. (Mariko 12:28-31)

**Ni gute wokunda Imana n'umutima wawe wose canke ibigumbagumba vyawe? Ubugingo bwawe canke impwemu yawe? Ubenge bgawe? Inkomezi zawe?**

**Ninde mugenzawe? Ni gute woshobora gukunda mugenzawe?**

**Ni gute wokwikunda ubwawe udashizemwo ukwikunda wewe gusa birengeje?**

#### **4 Ndiko ndaja he?**

Ubuzima buriko bugana ku herezo ry'ibihe. Umusi umwe twese tuzopfa. "Kandi nk'ukw abantu babikiwe gupfa rimwe, hanyuma yaho hakaza amateka." (Abaheburayo 9:27)

Twese tuzobona ibihe bidashira.

**Ni gute woshobora kuvuga uko ibihe bidashira bimeze?**

Umuntu umwe yagereranije ibihe bidashira n'akanyoni gato gatora urutete rw'umusenyi kakawugurukana kuyundi mu bumbe. Nkubu iyo nyoni iciye irindira imyaka igihumi kugira ngo igaruke gutora urundi rutete rw'umusenyi, umwanya yoba yamze kwimurira uduttete twose tw'umusenyi kuwundi mu bumbe w'isi, iibihe bidashira vyoba vyatanguye.

**Niki wibaza kiba ku mushaha w'Umuntu inyuma y'ugupfa?**

Bibiliya yigisha yuko umuntu wese zobona iherezo ridashira ry'ibihe vyo mu gihano kidashira canke ubugingo budashira.

<sup>45</sup>Maz' azobishura, 'ati Ndababgire ukuri: Ko mutabigiriye umwe mur' aba bari hanyuma y'abandi, nanje ntimwabingiriye.'<sup>46</sup>“Abo bazoja mu gihano kidashira, arikw abagorotsi bazoja mu bugingo budashira.(Matayo 25:45-46)

**Nkubu wopfa ku mugoroba, urizera ko woja mw'ijuru kubana n'Imana ibihe bidashira?  
Kuberiki uvyizera ?**

**Nkubu Imana ikubajije ngo uyihe Impamvu yokwemerera kwinjira muw'Ijuru, wovuga iki?**

<sup>3</sup>Arababgira, “ati Ndababgire ukuri: Ni mutirimbura ngo mucike nk'abana bato, ntimuzoruha mwinjira mu bgami bgo mw ijuru. <sup>4</sup> Nuk' uzokwicisha bugufi nk'aka kana ni we mukuru mu bgami bgo mw ijuru.” (Matayo 18:3-4)

**Akaranga nk'ak'umwana muto Imana iriko irarondera karoroshe, umutima wizera, umutima uciye bugufi. Uribaza ko ufise umutima nk'uwo?**

**Woshobora ku vuga umutima wawe aka kanya?Uhungabanye?wijiriwe?  
Uratekanye?wuguruye? Wizera? Kuber'iki?**

Ivyizigiro dufise k'ubugingo budashira biri muvuyo Yesu yadukoreye.“Kuk' urukundo Imana yakunze abari mw isi ari rwo rwatumye itanga Umwana wayo w'ikinege, ng' umwizera wese ntaz' apfe rubi, arikw ahabge ubugingo budashira.”(Yohana 3:16)

## **UKURI KW'UBUTUMWA BWIZA**

Nimba dushaka kumenya iyo twavuye, abo turi bo, impamvu turi hano, n'iyo turiko turaja, tutegerezwa kubanza gutahura ukwuri gukuru gukuru muri Bibiliya.

**1 Imana: Imana ni Urukundo kandi irera vyose hamwe.**

A) **Imana n'Urukundo:** Imana iradukunda, kandi yipfuza kugiriranira ubucuti natwe haba ubu no mw'ijuru kubw'ibihe bidashira. Imana mu ntango y'Ukwiri n'Urukundo.

Udakundana, ntazi Imana, kukw Imana ar' urukundo.(1 Yohana 4:8)

<sup>10</sup>Iki ni co kirimw' urukundo, s'uko twebge twakunze Imana, ariko n'ukw ari yo yadukunze, igatuma Umwana wayo kuba impongano y'ivyaha vyacu. (1 Yohana 4:10)

**Woshobora gukunda abantu bihagije gushika ho wemera gutanga umwana wawe ngo apfe mugishingo cabo?**

**Bituma mwiyumva gute kwumva ko Imana Ibakunda cane gushika ho irungika umwana wayo kubapfira?**

B) **Imana irera:** Imana kandi irera, kandi umunyavyaha ntashobora kwegra Imana year canke ngo ashobore kwinjira mw'Ijuru aha atacaha kiriyo. Zaburi 99:9 haduhamagarira ko, "Dushira hejuru Uhoraho Imana yacu no gusengera ku murwa wiwe wera , kuk'Uhoraho Imana yacu ari Uwera."

Ijambo "uwera" mururimi rwa mbere risigura "Kwitandukanya canke kutishushanya." Imana yitandukanya natwe mu kudacumur no kwerakwayo

**Iyo ubpnye ukuntu Imana ari Umunyakuri, Iyera kandi Itagira akanenge, Mwiyumva gute mukwigereranya?**

Mw'ijuru nta caha kiriyo. Nk'uko vyavuzwe mu VyahishuriweYohana(21:27), "Kandi kuri wo(Mw'ijuru), nta ho hazogera ikintu gihumanye, cank'ukora ibizira akabesha, atar'abanditswe mu gitabo c'ubugingo ca wa Mwagazi w'Intama."

Ntabwo ari ikibazo c'uko iciza kiba cishi gusumba ikibi muri twebwe, Icaha kimwe gusa kirahagije kugira ngo ntituje mw'Ijuru.Nkuko Yakobo avyerekana (2:10),

“Kuk’umuntu wese azokwitondera ivyagezwe vyose, agatsitara kuri kimwe, azoba acumuye kuri vyose.”

**Ibi bidutera ayahe madidane?**

Ko twese twacumuye kandi mw’ijuru akaba atacaha kiriyo, dufise ikibazo, ariko Imana yadukoreye ico tudashoboye kwikorera mukuturungikira umwana wayo Yesu. Dutegerezwa gutahura uwo Yesu ari n’ico Yadukoreye.

**2 Kristo: Kubera ko icaha cacu cadutandukanije n’Imana kandi tukaba tudashobora kwikiza, Imana yatanze inyishu y’iki kibazo mu mumuntu bwa Yesu Kristo n’ico yakoze.**

**N’iki utahuye kubijanye n’Uwo Yesu Kristo ari?**

A) *Umuntu wa Kristo*: Yesu Kristo, nk’umwana w’ikinege w’Imana, Imana yuzuye n’umuntu yuze, yavutse ku wutigeze amenya umugabo, abaho ubuzima butagira icaha, akora ibitangaza kandi yuzuza ubuvugishwa bw’Isezerano rya Kera bwa Mesiya yari yarasezeranywe.

Ubumana bwiwe. “Ubga mbere na mbere Jambo yariho, kandi Jambo yahoranye n’Imana, kandi’uwo Jambo yar’Imana.” (Yohana 1:1)

Ubumuntu bwiwe. “Uwo Jambo yihaye umubiri abana natwe.”(Yohana 1:14)

Ukuvuka kwiwe ataguhura kw’ibitsina.<sup>22</sup>Ivyo vyose vyabaye biryo ngw’ivyo Umwami Imna yavugiyeye mu kanwa k’uwavugishwa na we biboneke :<sup>23</sup> «Inkumi izotwara inda, ivyar umwana w’umuhungu, bazomwita Imanweli »-risobanurwa ngw’ « Imana iri kumwe natwe. » (Matayo 1 :22-23)

Ubuzima bwiwe butagira igicumuro. Nk’uko vyavuzwe muri 1petero2 :22, “We nta caha yakoze, kandi nta bugunge bgabontse mu kanwa kiwe.”

Ibitangaza vyiwe. «Yemwe bagabo b’Abisirayeli, ni mwumve aya majambo: Yesu Umunyanazareti, umuntu Imana yashimagirishije kuri mwebge ibitangaza n’utwumiza n’ibimenyetso, ivyo Imana yamukoresheje hagati yanyu, nk’uko mubizi ubganyu. »(Ivyakozwe n’Intumwa 2:22)

Ugushitsa Ubuvugishwa bwa Mesiya.

<sup>36</sup>Kukw ivyo vyabayeho kugira ngw icanditswe gishike, ngo Nta n'igufa ryiwe rizovunwa.<sup>37</sup>kandi har' ikindi canditswe, ngo « Bazobona uwo bacumise.» (Yohana 19:36-37)

Ibihe vyavuzwe muri iki gice co muri Yohana 19 vyari ivyo gushitsa ubuvugishwaa bubiri bwo mw'Isezerano rya kera.

Azigama amagufa yiwe yose, Nta na rimwe rivunika.(Zaburi 34:20, Esv)

Kandi nzosuka ku nzu ya Dawidi no ku baba i Yerusalemu impwemu y'ubuntu n'iyoy gusenga; kandi bazokwitegereza uwo bacumise...;(Zekariya12:10, ESV)

**Urizera ibi bihe kubijanye n'ubuzima bwa Kristo?**

B) **Igikorwa ca Kisto.** Yesu yapfiriye ku musalaba kugira yishure igihano kubw'ivyaha vyacu kugira dushobore kubabarirwa. Yarahambwe hama arazuka ku musu ugira gatatu kugira aduhe izira rishasha n'ingabire y'ubugingo budashira. Ubu yaraduze mw'ijuru aho adusengera kandi ariko adutegurira ahacu.

Urupfu, uguhambwa n'ukuzuka vyawe.

<sup>3</sup>Kuko nabanje kubashikiriza ico nanje nahawe, yuko Kristo yapfiriye ivyaha vyacu, nk'ukw ivyanditswe bivuga, <sup>4</sup> agahambga, akazuka ku musu ugira gatatu, nk'uko ivyanditswe bivuga;<sup>5</sup>akiyereka kefa, maze akiyereka bamwe cumi na babiri, <sup>6</sup>akongera akiyerekeramwe bene Data basaga amajana atanu. (1 Ab'i Korinto 15:3-6)

Kuko na Kristo yababajwe rimwe ahorwa ivyaha, umugororotsi yababarijwe abagabitanya, kugira ngw adushikirize Imana; yishwe umubiri, ariko yahinduwe muzima mu buryo bg'impwemu: (1 Petero 3:18)

**Bisigura kuri wewe ubwawe gutahura ko Yesu Kristo yababajwe ku musaraba kugira arihe igihano c'ivyaha vyawe, kugira ngo ushobore kubabarirwa kandi winjire mu bucuti n'Imana?**

None rero kubatizwa kwatumye duhambanwa na we tuba mu rupfu rwiwe, kugira ngo, nk'uko Kristo yazuwe mu bapfuye n'ubgiza bga Data wa twese, abe ari ko natwe tugendana ubugingo busha.(Abaroma 6:4)

Nuko rer' umuntu wese iy' ari muri Kristo, aba ar' icaremwe gisha: ivya kera biba bihise, vyose biba bicitse bisha! (2 Ab'i Korinto 5:17)

**Nimba kamere kawe k'icaha kabambanwe na Kristo, rero ukaba wararose ubuzima bushasha bwa Kristo muri wewe, ni gute ivyo bishobora guhindura ubushobozi bwokubaho ubuzimwa bw'umu Kristo?**

Ukuduzwa kwiwe mw'Ijuru.

Amaze kuvuga artyo, aduzwa babona, igicu kimukura mu maso yabo. <sup>10</sup>Bagihanze amaso mw ijuru akigenda, abagabo babiri bambaye impuzu zera bahagarara i ruhande yabo; barababaza bati “yemwe bagabo b'I Galatiya , n'iki gitumye muhagaze muraba mw'ijuru? Uyo yesu abakuwemwo, akaduzwa mw'ijuru, azoza artyo, nk'uko mumubonye aja mw'ijuru.(Ivyakozwe n'intumwa 1:9-11)

## INYISHU YACU

**1 Ubuntu: Dushobora kuronk Yesu Kristo gusa n'ubuntu biciye mu kwizera. Ubuntu n'ingabire y'ubugingo budashira ku buntu; rero ntabwo bushobora gutangwa bivanye n'ibikorwa vyiza twashobora gukora.**

<sup>5</sup> Nuko ni ko biri no mur' iki gihe, harih' amasigarira nk'uko yatoranijwe n'ubuntu bg'Imana.

<sup>6</sup> Ariko ni vyaba bivuye ku buntu, ntibikiva ku bikorwa: namb' atari ko biri, ubuntu si bgo buntu. (Abaroma 11:5-6)

<sup>8</sup> Ubuntu ni bgo bgabakijije kubg' ukwizera: na vyo nyene ntivyavuye kuri mwebge, n'ingabire y'Imana; <sup>9</sup> ntivyavuye ku bikorwa, kugira ngo hoye kugira uwirarira. (Abanyefeso 2:8-9)

**N'ibihe bikorwa bimwe bimwe abantu bakunda gukoresha kugira bitsindanishirize y'Imana?**

**Uribaza yuko hari ibikorwa vyiza wakoze vyotuma wongera kuvyo Kristo yagukoreye ku musalaba? Usabwe gusigura.**

**2 Ukwizera: Dutegerezwa kubwacu kwakira Umwami Yesu Kristu biciye mu kwizera tugakura icizere cacu muvyo twakoze tukagishira ku vyo Kristo yadukoreye ku musaraba.**

Ariko tuzi yuk' umuntu adatsindanishirizwa n'ibikorwa bishinzwe n'ivyagezwe, arikw atsindanishirizwa no kwizera Yesu Kristo. Natwe twizeye Kristo Yesu, ngo kwizera Kristo kube ari kwo kudutsindanishiriza, atar' ibikorwa bishinzwe n'ivyagezwe; kukw ata muntu atsindanishirizwa n'ibikorwa bishinzwe n'ivyagezwe. (Ab'i Galatiya 2:16 NIV)

**Urashaka gukura icizere kuvyo wakoze ukagishira muvyo Kristo yagukoreye?**

**3 Icemezo: Ikimenyetso cerekana ko twamwizeye kigaragarira mu vyemezo bikurikira.**

Dutegerezwa kumwakira mu buzima bwacu nk'uwatubabariye n'umurongozi wacu.

Arikw abamwakiriye bose yabahaye ububasha bgo gucika abana b'Imana, nibo bizeye izina ryiwe. (Yohana 1:12)

**Urashaka kumwakira mu buzima bwawe?**

Duterezwa gukora icemezo co kwihana ivyaha vyacu mukwizera Kristo muri twebwe akaduha inkomezi zogukora ihinduka aturongorera gukora.

Umubabaro wo mu buryo bg'Imana utera ukwihana kuticuzwa, kuzana agakiza: arik' umubabaro wo mu buryo bg'isi utera urupfu.(2 Ab'i Korinto 7:10)

**Urashaka kwihana biciye mu kwizera Kristo ngo agushoboze kugira ihinduka zose ashaka kugira?**

**N'izihe mpinduka wibaza ko Imana ishaka ko ugira?**

Dutegerezwa gukurikira Kristo nk'Umwigishwa wiwe, turondera kubaha amabwirizwa yiwe mukubana kwacu no mu gikorwa c'ishengero ryiwe, Umuburi wa Kristo.

Ahamagara ishengero bo n'abigishwa biwe, arababgira, “at' Umuntu ni yagomba kunkurikira, ni yiyanke, yikorere umusaraba wiwe, ankurikire.” (Mariko 8:34)

**Urashaka gukurikira Yesu mu nzira yiwe?**

Ni we mutwe w'umubiri, ni wo shengero. (Ab'I kolosayi 1:18)

Natwe ni ko turi; turi benshi, kandi tur' umubiri umwe muri Kristo, umuntu wese n'urugingo rwa mugenzi we.(Abaroma 12:5)

**Urifuza kub uwugize umubiri wa Kristo, ariwo shengero?**

**Iki kiganiro ca Bibiliya kirafise insiguro?**

**Hari ikibazo woba ufise kubijanye n'ikintu cose cagizwe muri iyi nyigisho?**

**Uriteguye kwakira Kristo kandi umukurikire nk'umwigishwa wiwe? Woshobora kuvuga impamvu witeguye canke impamvu utiteguye?**

Isengesho rikurikira ryerekana icifuzo co gusaba yesu Kristo ngo abe umwami n'Umukiza wawe.

*Mwami Yesu,*

*Ndagukeneye. Ntabwo nabaye ubuzima bwanje nk'uko ubigomba. Ndatuye ko navuye mu bwiza bwawe. Ndazi ko nkeneye kubabarirwa icaha canje. Warakoze kupfira ivyaha vyanje ku musaraba. Ndagushimira kowansezera nje kunkurako icaha nk'ukw i burasirazuba hitanguye i burengerazuba. Ndakuye icizere kuvyo nakoze ndagishira kuvyo Yesu yankoreye ku musaraba. Ndagusavye ngo uze mubuzima bwanje. Ndihanye ivyaha vyanje mukukwizera ngo unshoboze guhinduka uko ushaka ko mpinduka. Ndashaka kugukurikira nk'umwigishwa wawe. Urakoze kuza mu buzima bwanje. Ubu ngira uwushaka komba we.*

*Amen*

**Irisengesho rihuye n'icifuzo c'umutima wawe?**

Nimba ari vyo, urashobora gusenga iri sengesho hama Imana irakwumva kandi ikwishure bivanye n'isezerano ryiwe. Rero senga iri sengesho ubu nyene hama Imana irubahiriza icemezo cawe .

Raba ico Bibiliya ivuga kubijanye n'ukwiyemeza wagize.

Ndababgire, Uko ni ko haba umunezero imbere y'abamarayika b'Imana kubg' umunyavyaha umwe yihanye. (Luka 15:10)

Ijuru ririko rigira umusi mukuru ubu. Turagukeje kandi tuguhaye i Kaze mu muryango w'Imana !

## INTAMBUKO YA 8:

### INYIGISHO ZA MBERE Z'ABIZEYE BASHASHA—URUKIRIKIRANE RW'ICIRWA

#### INTANGAMARARA

Iyo witegereje aho bariko barubaka inyubako nini cane, mu kwezi kwa mbere icubona n'abantu baza gukora hama bagaherera musu mu kionogo. Iyo ibikorwa vy'umushinge birangiye, inyubako nziza iratangura igaseruka. Keshi, inguvu zacu muguhindura abantu abigishwa zisa n'izitangura bukebuke n'ikimenyetso gito c'urugendo.

Ariko, nimba twuzuye ukwizera, tuzobona igikorwa ciza ca Mpwemu yera kizana ivyamwa mu buzima bwabo tuba turiko turaha ubwigishwa. Iyi ntabwe yogukur=za umushinge w'uburyo bw'Impwemu yitwa ugukurikirana canke ivyurufatiro.

Uru rukurikirane rw'integuro rugizwe n'ivyirwa bitandatu bibubakira umushinge ukomeye.

- Icirwa 1 kwakira ijambo
- Icirwa 2 Icemezo c'agakiza
- Icirwa 3 Intsinzi y'icaha
- Icirwa 4 Ubushobozi bwo kubaho
- Icirwa 5 Ikiguzi c'ubwigishwa
- Icirwa 6 Indero z'Ubuntu

Kaze cane mu rugendo rukomeye cane rwogukora ikintu kimwe Yesu Kristo yatubwiye gukora imbere yuko yurira mw'ijuru—guhindura abigishwa. Dushobora kubona ari igikorwa coroshe kumara umwanya wacu duora ibintu vyinshi vyiza, ariko kurwiza abigishwa ba Kristo n'ikintu ciza cane. Uru rukurikirane rw'integuro rwashizweho n'icifuzo cogutanga uburyo bwoshobora gushiraho ivyerekanwa ibiganiro vyofasha mu kiganiro gisanzwe c'ukuri ngenderwako mu gukura ukurikira Kristo.

Iki ntabwo ari igitabo cogusoma, n'ikiganiro cokugirana b'abandi. Iki gikoresho cashiriweho gusomwa n'umuntu ubwiwe imbere y'igice icari co cose, no kugisomera hamwe mu gice cose. Kiroroshe gukoresha. Soma uvugira hejura mpaka ushikiriye ikibazo. Uhejeje gusoma ikibazo cose, fata umwanya wogusangira n'abandi inyishu zawe ubwawe, wubahirize uko umuntu wese abona. Ibi bikoreshwa mugushinga mu mumirwi mito mito, ariko biba vyiza ane iyo bikoreshwe

kugikorwa c’umwe-kuri-umwe canke umwe-kuri-kuri babiri. Ubwigishwa bwihariye umuntu butanga uburyo bwiza cane bwokuzezwa n’imigenderanire ikomeye cane. Yesu yamaranye umwanya na bamwe cumin a babiri mu bigishwa biwe, ariko yshira inguvu cane mu murwi wa Petero, Yakobo na Yohani. Yesu kandi yaratanze neza karyo kanini k’ubucuti bwiwe na Yohana, uwo yitwa “Umwigishwa Yesu yakunda.”

Iyo uhejeje buri cirwa, biba vyiza iyo ubajije ikibazo, at “Ni gute nogusengera?” Ini bituma hagumaho imigenderanire yawe. Kubw’ivyo, bizotuma habaho uburusho bwinshi bw’ubwigishwa mu gihe uzoba uganira canke usenga kubw’ingorane zihuta cane mubuzima bwawe. Gusengera hamwe n’intang’o y’ukubana kubera ko uhamagara Imana ikaza mu biganiro vyanyu. Izi nyigisho ni uburyo bwo kuvuga inkuru yawe, intahe zabo hamwe n’inkuru y’Imana.

### **ICIRWA 1 KWAKIRA IJAMBO**

N’uyuhe mutima uba ufise iyo hageze ko wakira ijambo ry’Imana? Mu ntango y’iyi nyigisho, ni vyiza kuraba mu buryo butandukanye abantu bakira ijambo ry’Imana, kubera ko Uburyo twakira ijambo ry’Imana bizokwerekana nimba dukura nk’abigishwa canke tuba turiko dusamazwa hama tugakurikira inzira zitandukanye.

<sup>4</sup>Ishengero ryinshi rirakorana, kand' abavuye mu bisagara vyose baza kuri we, abacira umugani, <sup>5</sup>at' "Umubivyi yasohoye imbuto ziwe; akibiba, zimwe zigwa i ruhande y'inzira, barazikandagira, inyoni zo mu kirere zirazinobagura.<sup>6</sup>Izindi zigwa ku rutare, zihejeje kumera ziruma, kuko zibuze ahabomvye.<sup>7</sup>Izindi zigwa mu mahwa hagati, amahwa amerana na zo, arazinyoha.<sup>8</sup>Izindi zigwa mw ivu ryiza, ziramera, zihunda impeke, imwe ijana, iyindi ijana, birtyo birtyo." Avuze ivyo, avuga n'ijwi rirenga, at' "Uri n' amatwi yumva ni yumve."<sup>9</sup>Maz' abigishwa biwe bamubaza uwo mugani, uw' ari wo. <sup>10</sup>Arababgira, ati "Mwebge mwahawe kumenya amabanga y'ubgami bg'Imana: arikw abasigaye babibarirwa mu migani; ngo barabe, yamara ntibavyitegereze; bumve, yamara ntibabitahure." (Luka 8:4-10)

Yesu yari yamaze kumenya ibiri mumitima y’abari begeranye ngo bamwumvirize yigisha. Aba bantu bari bamaze kumwanka, kandi Yarahisemwo kubahiriza ivyifuzo vyabo arabarekera mu mwiza bakunda cane. Ariko yarahaye impera abigishwa biwe b’ukuri. Muri Luka 8:10 yavuze ati, “Mwebge mwahawe kumenya amabanga y’ubgami bg’Imana.”

Hama Yesu aca abigisha icirwa cogupima ivu ry’umutima. Raba uburyo bune bw’ivu ryerekana ubwoko bune bw’imitima itandukanye bihishura uburyo twakira ijambo ry’Imana.

### **Gushira mungiro ijambo ry’Imana**

#### **1) Ivu rigumye ry’umutima Wibwe:**

<sup>11</sup>Umugani n'uyu. Imbuto n'ijambo ry'Imana. <sup>12</sup>Abo i ruhande y'inzira n'abaryumvise, maz' Umurwanizi yaza, agakura iryo jambo mu mitima yabo, kugira ngo ntibizere ngo bakizwe. (Luka 8:11-12)

Ngaha Yesu avuga ibijanye n’Umurimi abiba imbuto mu murima, ariko amaze kugera ku mpera y’umurima, imbuto zimwe zirwa mu nzira igumye itari bwakorwe. Iki cerekana ivu rigumye ry’umutima wanyazwe.

**Ni gute wogumya ukuri kw'ijambo ry'Imana mu mutima wawe kugira urinde umutima wawe kwibwa?**

Nabitse ijambo ryawe mu mutima wanje Ngo noye kugucumurako.(Zaburi 119:11)

**Ni gute ufata ijambo ry'Imana nk'ubutunzi vy'ukuri?**

**2) Ivu ryo ku rutare y'umutima wageragejwe.**

Abo ku rutare n'aba: iyo bumvise iryo jambo, baryakirana umunezero, ariko ntibagira imizi, bizera akanya gato, maze mu gihe c'igeragezwa bakarireka.(Luka 8:13)

Ngaha Yesu Kristo yifashishije agace k' isi ndimwa hejuru y'agace kagumye kagizwe n'urutare. Ikigeragezo c'icaha gishobora kuba igikomeye gushika aho umuntu akirwamwo akagenda gose kure y'ukuri yakiriye. Icemezo kitimbitse kijana umuntu kurwa mu kirgeragezo.

**N'ubuho bwoko bw'icaha ari ikigeragezo gikomeye cane kur wewe?**

**Ni gute ikigeragezo gituma tugenda kure y'ukuri kw'ijambo ry'Imana?**

Umunezero muto wose icaha kikuzanira, ntabwo ari vyiza koivyo wotaza. Ntabwo arivyiza gutakaza ubusabane n'Imana. Ntabwo arivyiza ko ingaruka zisanzwe uzogira wogira nk'inyishu. Ntabwo ari vyiza gusambura ubucuti n'abantu bagukunda kandi bakwitaho.

Ubundi bwoko bw'Ikigeragezo kiza kuri abo bakira ijambo mu munezero, baca babaho umwanya wo kubabazwa, kwankwa no guhungabana. Uburibwe bwokubababara bushobora bikaguca intege cane kandi bitakorohererza; bishobora kwiba ivyizigiro vyacu n'icizere mu masezerano y'Imana.

**N'iyihe mibabaro no kuzazanirwa uriko uracamwo?**

**Wiyumva gute kubijanye n'imigenderanire yawe n'Imana?**

Kuk' ubgiwe ko yababajwe no kugeragezwa, ashobora no gutabara abageragezwa.(Abaheburayo 2:18)

**Wishimikije uyu murongo, ni gute Yesu Kristo ahura natwe mu mibabaro yacu?**

Imana izokoresha imibabaro yacu kugira ngo ikamure Ubuntu bwacu, atweze imitima yacu, adutegure imero zacu, adukomeze kandi yongere adukomeze cane. Umwirutsi ntiyirruka cane canke ngo akomere atabanje kubabara mugutakza inguvu z'umubiri kugira ngo yiyubake mu nyuma akomeye cane. Ukubabara kwawe ntabwo ari ikimenyetso c'uko Imana yaguhevyeye. Ni ikimenyetso c'uko igukunda.

Kand' Imana igira ubuntu bgoze, yabahamagariye ubgiza bgayo budashira Mm.uri muri Kristo, ni mwaheza kubabazwa akanya gato, izobahingura rwose ubgayo, izobaremesha, ibahe inkomezi. (1 Petero 5:10)

**Ni gute wizera ko Imana ishaka gukoresha imibabaro yawe mu buzima bwawe?**

### **3) Ivu ryo mu mahwa vy'umutima watakaye**

Izaguye mu mahwa n'abaryumvise, maze bariko barigira umwitwaririko wo mur' ubu bugingo, bo n'ubutunzi n'ibihimbaro vyo muri bgo, bikabanyoha, ntibame imbuto nziza. (Luka 8:14)

Amahwa n'ivyatsi bibi ntibibza gusa ibiterwa vyiza gukura neza, biraniga imizi kumera.Imyitwaririko y'ubuzima, ubutunzi, n'ibihimbaro bizobuza ikibanza cokwakira buri musi ijambo ry'Imana, hamwe n'umwanya n'inguvu vyokurishira mu ngiro. Uburorero bumwe bumwe bw'ibi bushobora gusaba urutonde rw'ibikorwa, ibikorwa vyose abana bacu barimwo, ibikorwa vyo gutunga bihuse, ibikorwa vy'ibishobisho, ukwifuzza ubutunzi bwinshi, ukwinezereza, ikiyaga, ku musenyi, abasa nabo, abagenzi n'ibikorwa bishimiye bibajana kwumva bamenyekanye kandi harivyo bashitseko.

**N'ibiki bigusamaza bikakubuza gukurikira Imana mu mwanya wawe nawe mw'ijambo ryayo?**

**N'ibiki bigusamaza bikabuza kuza mu ngoro y'Imana kugira wakire inyigisho z'ijambo ry'Imana?**

**Ni gute worinda umutima wawe ngo ntusamazwe n'imyitwarariko, ubutunzi n'iminezere?**

**4) *Ivu ryiza ry'umutima w'utunganye***

Izo mw ivu ryiza n'abumvise iryo jambo bakarigumya mu mitima myiza itunganye, bakamishwa imbuto n'ukwihangana.(Luka 8:15)

Umuntu afise umutima mwiza utunganye ni umuntu akora ibi bintu bitatu mw'Ijambo ry'Imana. Arumva ijambo, akaryakira, hama agashishikara kuryubaha.

**Ni uwuhe mutima werekana neza ubuzima bwawe muri ubwo bwoko bune bw'Imitima?**

**Ni igiki ukeneye gukora kugira ngo ureme umutima mwiza utunganye?**

## ICIGWA 2 ICEMEZO C'AGAKIZA

Uribaza ko bishoboka kuri bamwe kumenya badakekeranya yuko muzomana ubugingo buhora mu mw'ijuru? Icemezo c'agakiza ni ikintu gihambaye cane kuko hari ugukekeranya kwinshi bishobora kuja mu bwenge bw'umu Kristo avyemera ku mugaragaro. Ushobora kwibaza nimba vyukuri uri mu kwizera rukristo. Ushobora gukekeranya yuko vyukuri Imana yaguhaye ubugingo udashira.

**Ni gute wemera ubu nyene ko upfuye uyumusi, woja mw'ijuru uyumusi? Kuber'iki?**

0%\_\_25%\_\_50%\_\_75%\_\_100%\_\_

Turashobora kugira icizere yuko Kristo vyukuri yaduhaye ingabire y'ubugingo budashira. Kuronka icemezo c'agakiza bituzamwo mu buryo bubiri.

### 1 Icizere mu masezerano y'Imana mw'ijambo ryayo

Mwakijijwe n'ubuntu kubw'ukwizera.

<sup>8</sup>Ubuntu ni bgo bgabakijije kubg' ukwizera: na vyo nyene ntivyavuye kuri mwebge, n'ingabire y'Imana; <sup>9</sup>ntivyavuye ku bikorwa, kugira ngo hoye kugira uwirarira. (Abanyefeso 2:8-9)

Ubuntu n'akaryo k'Imana tutaba dukwiriye. Ntakintu nakimwe twokora ngo tuburonge canke tube ababukwiriye. Gukizwa ni kuba wakuwe mu gihano c'icaha. Ntakintu nakimwe twokora ngo duhanagure icaha cacu. Yesu yararishe vyose! Twarakijijwe n'Ubuntu, kubg'ukwizera mugukura icizere kuvyo twakoze, tukagishira kuvyo Kristo yadukoreye ku musaraba.

**N'ibihe bikorwa vyiza abantu bagerageza gukora kenshi ngo bazoje mw'ijuru?**

### *Wabaye icaremwe gishasha muri Kristo:*

Nuko rer' umuntu wese iy' ari muri Kristo, aba ar' icaremwe gisha: ivya kera biba bihise, vyose biba bicitse bisha. (2 Ab'i Korinto 5:17)

**Nimba uri umuntu mushasha muri Kristo, ni ibihe bintu vyakera mu buzima bwawe vyaheze, kandi n'ibihe bintu bishasha vyaje?**

***Ivyaha vyawe vyose vyarababariwe:***

Kuko na Kristo yababajwe rimwe ahorwa ivyaha, umugororotsi yababarijwe abagabitanya, kugira ngw adushikirize Imana; yishwe umubiri, ariko yahinduwe muzima mu buryo bg'impwemu...(1 Petero 3:18)

**Bisigura iki kuri wewe kumenya ko ivyaha vyawe vyose vyababariwe kandi Yesu Kristo yakujabukije ikinogo gikomeye catandukanya Imana n'umuntu?**

***Kristo ntazigera aguhemukire canke ngo agute:***

Gukunda amahera ntikube mu ngeso zanyu; ivyo mufise bibabumbe; kuk' ubgayo yavuze, iti "Nta ho nzoguhemukira, nta ho nzoguta".(Abaheburayo 13:5)

**Woshobora kwibuka umwanya wumva umenga wahemukirwe canke watawe n'umuntu wari wizera?Vyerekane.**

**Bitumye wiyumva gute kumenya ko Yesu atazigera aguhemukira canke ngo agute?**

***Kristo yaguhaye ubugingo budashira:***

<sup>27</sup>Ababaye intama zanje bumva ijwi ryanje, nanje ndabazi, na bo barankurikira, <sup>28</sup>kandi nanje mbaha ubugingo budashira, nta ho bazokwigera bapfa rubi gushitsa ibihe bidashira, kandi nta wushobora kubashikura mu kuboko kwanje. <sup>29</sup>Data yabampaye ni we aruta bose; nta wushobora kubashikura mu kuboko kwa Data.(Yohana 10:27-29)

**Kubw'isezerano ryayo, kuber'iki ufise icizere yuko utazigera ubura ingabire y'ubugingo budashira?**

## 2 Ibimenyetso vy'Uwizeye w'ukuri

<sup>12</sup>Ufise Umwana wayo ni we afise ubgo bugingo; udafise Umwana w'Imana ntafise ubgo bugingo. <sup>13</sup>Ivyo ndabibandikiye, mwebge mwizeye izina ry'Umwana w'Imana, kugira ngo mumenye yuko mufise ubugingo budashira.(1 Yohana 5:12-13)

**Imana yasezeranye yuko twokwizera gusa ko dushobora kuronka ubugingo budashira, canke ko twoshobora kubimenya?**

Nimba Yohana yanditse “Ibi bintu” kugira ngo mushobore kumenya yuko mufise ubugingo budashira, ni vyiza kumenya ivyo “ibi bintu” biri. “Ibi bintu” yariko arisunga ni ibintu vyose yanditse mugitabo ca 1 Yohana gushika kuri ako gace, Igitabo cose ca 1 Yohana ni urukurikirane rw'ibimenyetso vy'umu Kristo w'ukuri. Usomye igitabo cose, uzobona ko hari ibintu bitatu nyamukuru bizoba mu buzima bw'uwizeye vy'ukuri. Ntabwo ariko aravuga yuko gukora “ivyo bintu” bizotuma dukizwa. Ariko aravuga yuko “Ivyo bintu” bigiye kuba ivyukuri k'uwizera w'ukuri wese. Reo n'ibiki “ivyo bintu?” Hari ibimenyetso bitatu ku mu Kristo wukuri.

### *Ikimenyetso co kwizera ukuri:*

<sup>5</sup>Ubu ni bgo butumwa twumvise bgavuye kuri we, tukabubabgira, yukw Imana ar' umuco, kandi muri yo ko hatagira umwiza na mukeya. <sup>6</sup>Tuvuze yuko dufatanije na yo, tukagera mu mwiza, kuba ar' ukubeshya, ntituba dukora ivy'ukuri. <sup>7</sup>Ariko tugendeye mu muco, nk'uko na yo iri mu muco, tuba dufatanije ubgacu, kand' amaraso ya Yesu Umwana wayo atwoza icaha cose.(1 Yohana 1:5-7)

**Twisunze umurongo w'indwi, nimba muriko muragera mu muco w'ukuri, kandi ko mwizera yuko aboza icaha cose?**

### *Ikimenyetso co kwubaha:*

3Iki ni co kitumenyeshya ko tumuzi, ni twitondera ivyagezwe na we. Uvuga ngo Ndamuzi, ntiyitondere ivyagezwe vyiwe, n'umubeshi, ukuri ntikuri muri we.(1 Yohana 2:3-4)

**Ibi bivuga iki kubijanye n'umuntu yanka kubaha amabwirizwa ya Kristo?**

**Niki woora kugira ngo werkane yuko uriko urashaka kwubaha amategeko ya Kristo?**

***Ikimenyetso c'urukundo rw'ishengero:***

Twebge turazi yuko twavuye mu rupfu, twashitse mu bugingo, kuko dukunda bene Data. Udakundana yama mu rupfu. (1 Yohana 3:14)

Ijambo “bene Data” ngaha rivuga ku shengero.

**Nimba ibi ariko biri, niki twoshobora gukora ngo twerekane yuko dukunda benewacu na bashiki bacu mw'I shengero?**

...kandi twiyumviraneko, kugira ngo turwane ishaka ryo gukundana n'iry' ibikorwa vyiza, 25tweye guheba gukoranira hamwe, nk'uko bamwe babigira, ariko duhanurane, kandi'uko mubonye wa musu wegereza, murushirize kugenza murtyo. (Abaheburayo 10:24-25)

**Twisunze uyu murongo, kuber'iki arivyiza ko twokoranira hamwe kenshi nk'ishengero tugatazira Imana tu kanasangira?**

Icizere cacu bwanyuma na nyuma kiri mu bunyakuri bw'Imana no mu masezerano yayo.

<sup>14</sup>Kand' ubu ni bgo bushizi bg'ubgoba dufise kuri yo, n'ukw iyo dusavye ikintu cose gihwanye n'ivy' igomba, itwumva. <sup>15</sup>Kandi ko tuzi yuko yumva ico dusavye cose, bitumenyesha yuko duhawe ivyo tuyisavye. (1 Yohana 5:14-15)

Nimba mwizera m'ukuri yuko amaraso ya Yesu ashobora kwubaza ivyaha vyanyu, nimba muriko murashaka kwerekana urukundo no kubana n'abavukanyi na bashiki banyu mw'I shengero, kandi ko nimba ari icifuzo canyu co kwerekana ukwubaha amabwirizwa ya Kristo, rero kubw'iri sezerano ryiwe murashobora kumenya neza yuko mufise ubugingo budashira.

**Inyuma y'iyi nyigisho, ni gute uzi neza ubu ko nkubu upfuye uyu musu, woshobora kuja mw'Ijuru?**

0%\_\_25%\_\_50%\_\_75%\_\_100%\_\_

### **ICIRWA 3 GUTSINDA I CAHA**

Urizer ko wotsinda ubushobozi bw'icaha? Muri kino cirwa tuzonbona ingene naho twavukiye mu caha hama kikadutandukanya n'umuremyi wacu, Kristo yaranesheje ubushobozi bw'icaha biciye mu buzima bwiwe butagira icaha, urupfu rwo kwitang kwiwe, n'ukuzukana intsinzi. Nk'abizera Kristo turafise ubushobozi bwo kwatura, kwihana, hama tukababarirwa ivyaha vyacu. Uku niko kuri kubohora twoshobora kwishimikiza mukugendera mu ntsinzi.

#### **Icaha no Gutandukana n'Imana**

Imbere yokuba umu Kristo, naho waremwe mw'ishusho y'Imana kandi ukaba wari mumugambi wayo mwiza w'iremwa, waratandukanye nawe n'Imana kuberako wavukiye mu caha hama kubera ko wakoze icaha.

Nkuko Umwami Dawidi auva muri *Zaburi 51:5*, "*Raba, nabumbanywe ukugabitanya, Mu vyaha ni ho mama yamvyariye.*"

Icaha cacu catumye dutandukana n'Imana.

Arikw ibigabitanyo vyanyu ni vyo vyabatandukanije n'Imana yanyu, kand' ivyaha vyanyu ni vyo vyabakingiriye mu nyonga hayo, bituma yanka no kwumva. (Yesaya 59:2)

**Kuber'iki wibaza ko bigoye kubantu twemera yuko ari abanyavyaha kandi bakaneye umucunguzi?**

#### **Ukwiyuzuzwa n'Imana biciye muri Kristo**

Iyo wakiriye umwami Yesu Kristo kandi ukamwizera muvuyo yagukoreye ku musaraba, ibintu vyose vyarahindutse. Igihano c'icaha cawe carababariwe, hama warahindutse Umwana w'Imana.

Arikw abamwakiriye bose yabahaye ububasha bgo gucika abana b'Imana, ni bo bizeye izina ryiwe. (Yohana 1:12)

Kuri aka gace, warinjiye mu bucuti bushasha n'Imana nk'Umwana wayo kandi nk'umunywanyoni mu muryango wayo, ishengero. Iyo wakiriye Kristo, hari ikintu kiba cabaye kuri kamere kawe k'icaha ka kera.

...kandi tumenye iki, yuk' umuntu wacu wa kera yabambanywe na we, kugira ng' umubiri w'icaha uhindurwe ubusa, ntitwame tujakariye icaha. (Abaroma 6:6)

**Twisunze iki gice, n'iki cabaye kuri kamere kawe ka kera igihe wakira Kristo?**

Ka mere kawe ni intango y'uwo uri. Ubu ntabwo ukizwi nk'umunyavyaha, ariko niviyiza kumenya ko uzobandanya kurwana n'ubushobozi bw'icaha mu buzima bwawe. Ibi vyitwa ingingo yo kubana n'icaha canke umubiri. Mugihe kitakwerekana mu kiguranga, kiracari igikomeye cane mu buzima bwawe. Pawulo yabivuze neza muri ubu buyiro.

<sup>18</sup>Ndazi yuko muri jewe, mu kameremere kanje, ata ciza kimbamwo: kuko kugomba gukora iciza kubana nanje, ariko kugikora nta kwo. <sup>19</sup>Kukw iciza ngomba atari co nkora, ariko ikibi ntagomba akaba ari co nkora. <sup>20</sup>Ariko ko nkora ico ntagomba, si jewe nkigikora, ariko n'icaha kimbamwo.(Abaroma 7:18-20)

Ijambo icaha riva mw'ijambo ry'i kigiriki risigura "kutagira ikimenyetso". Nkuko vyavuzwe mu gitabo c' Abaroma 3:23, "bose bakoze ivyaha, ntibashikira ubgiza bw'Imana"

Kuva icaha ai kudashikira ubgiza bw'Imana, gishobora kuba icarico cose cotuma witandukanya n'Imana. Gishobora kuba Ukugumuka wigiriye, ubutandukanwa, ibintu uvuga, ibintu ukora, mbere n'ivyiyumviro n'ibituma udashikira kubaho ukuninahaza Imana muri gace k'ubuzima bwawe.

**N'ibihe bintu vyiza bimwe bimwe ushaka gukora bigoye kugira ubigire imigenzo isanzwe?**

**N'ibihe mu bintu udashakira kowokora bituma wumva umwanya ukomeye wokubihagarika?**

### **Ubucuti vs Ubusabane**

Murashobora kumenya yuko icaha kidakwiye kubaganza. Kubera ko mwapfuye ku nzira y'i caha kugira muronke inzira y'ubugingo, murashobora kumenya ko imbere yuko muba aba Kristo, mwaracumuye kuko mwategerezwa. Yari kamere. Ubu umuntu wajera wanyu yabambanwe na Kristo, iyo mucumuye, nuko muba mwabihisemwo. Ariko murafise ahandi hashasha mukura ubushobozi bubashoboza kugira intsinzi ku kuganzwa n'icaha mu buzima bwanyu.

<sup>11</sup>Abe ari ko namwe mwiyumvira ko mwapfuye ku caha, ariko ko muriho mur' ab' Imana muri Kristo Yesu. <sup>12</sup>None rer' icaha ntikikabe ku ngoma mu mibiri yanyu izopfa, ngo mwumvire ivyo yifuza. <sup>13</sup>Kandi ntimugaha icaha imibiri yanyu ngw ikoreshwe n'ukugabitanya; ariko mwishikanire Imana nk'abazuke bavuye mu bapfuye, n'imibiri yanyu muyihe Imana kugira ngw ikoreshwe no kugororoka. <sup>14</sup>Icaha ntikizobaganza, kuko mutaganzwa n'ivyagezwe, ariko muganzwa n'ubuntu.(Abaroma 6:11-14)

**N'ibihe vyizigiro ikigice kibahaye cotuma mushobora gutsinda ubushobozi bw'Icaha mu buzima bwawe?**

Ntakintu na kimwe caashobora guhindura ivyuko uri umwana w'Imana, kandi imigenderanire yawe n'Imana ntiyoshoba kuvaho, ariko birashoboka ko ubusabane bwawe n'Imana burashobora kuvaho. Iyo umwana agambarariye abavyeyi biwe, ntabwo bica bihindura izina ryiwecanke iki y'uko akiri umwana wa papa canke mama, ariko birashoboka ko ubusabane hagati y'abavyeyi n'umwana bwononekara, kandi umwana azotegerezwa gusaba imbabazi imbere yuko ubusabane bunagurwa.

Iyaba nari nshize umutima wanje ku vyo kugabitanya Umwami Imana ntaba yaranyumviye...  
(Zaburi 66:18)

Bibiliya itwigisha yuko ubusabane bwacu n'Imana bushobora kunagurw igihe ubwo nyene tuciye tunesha ugutosekara, mukwatura , hamwe n'ukwihana.

### **Ukujanjagurika, Ukwatura....**

Ibimazi Imana ishikanirwa n'umutima umenetse; Umutima umenetse, ujanjaguwe, Mana, ntuzowukengera.(Zaburi 51:17)

<sup>23</sup>Mana, nsuzuma, umenye umutima wanje, N'uncace, umenye ivyiyumviro vyanje, <sup>24</sup>Urabe yuko harih' inzira y'ibibi yoba iri muri jewe, Undongorere mu nzira y'ibihe bidashira.(Zaburi 139:23-24)

**Ubona ukwicuza, ugusuzugurwa, n'ukujanjagurwa nk' Ivyo wabayemwo vyiza canke bibi?**

**Bitumye wiyumva gute kumenya yuko udakwiye gutinya umutima wawe, kandi yuko ushoors no kubaza Imana ikakwereka ivyo ishaka kuhindura?**

Ko twamaze kumnya neza ikintu catumye ubusabane bwacu n'Imana butosekara, turashobora kwemwera uburibwe bwokwemera , hama tukihutira kuvyaturira Uhoroaho.

Ni twatura ivyaha vyacu, ni yo yo kwizigirwa kand' igororoka, ivyo ni vyo bituma iduharira ivyaha vyacu, ikatwoza ukugabitanya kwose. (1 Yohana 1:9)

Kwatura bisigura “Kuvuga bimwe” canke “kwemera”.Iyo twatura, tuba twemeranije n'Imana yuko tutashikiriye ubwiza bwayo mu buryo bugaragara.Dusanze twanka kwemera yuko turi mw'ikosa.Biroroshe mu buryo bwo kwiruka kwisigura ngo tugerageze kwizeza ubwacu. Ariko, nimba dushobora kuza ahantu dushobora kunyaruka kumenya icaha cacu mbere tukanasaba Imana ngo iturabire inatwereke ko hoba harico twokora, tuzaba turi mu nzira yo gukura vyihuta. Mu vyukuri ukwatura ni kwiza kubw'umushaha!

Nk'inyishi kuri iyi nyigisho, kuberiki mutofaata urupapuro, mwandike icaha cose Imana yabemeje, andika 1Yohana 1:9 ku rupapuro, hama tukabitabura tukabita.

Nk'ukw i burasirazuba hitanguye i burengerazuba, Uko ni ko yashize kure ibicumuro vyacu.(Zaburi 103:12)

Menya yuko hatavuga ngo “nk'ukw i buraruko hitanguye i bumanuko,” kubera kohariho igice kizwi co mu Buseruko n'igice kizwi co mu bumanuko, ariko amerekezo yo y'I burasirazuba n'I burengera zuba ntarubibe hagira. Nubwo wumva umenga ntiwababariwe inyuma yo kwatura, urashobora gushimira Imana mu kwizera ko yakubababariye kandi ukizera ibgumbagumba vyawe kwakira kumenya ukuri kw'isezerano ryiwe.

**Nuyuhe mwidegemvyo biguhaye ku menya yuko icaha cawe gishobora kuba cahanaguwe burundu, kandi Imana itazocibuka ukundi?**

**...N' ukwihana**

Intambwe yanyuma mukwakira intsinzi ku caha ni Ukwihana. Kwihana bisigura guhindur ivyiyumviro n'icerekezo cuko ubaho mu guhindukira ukareka kwinezeza gusa ariko ugakunda Imana n'abandi. Ntitwahamagariwe kwatura icaha gusa, ariko kucihana.

Upfukapfuka ibigabitanyo vyawe ntazonka umugisha, Arik' uvyihana akabireka azogirirwa ikigongwe. (Imigani 28:13)

Umubabaro wo mu buryo bg'Imana utera ukwihana kuticuzwa, kuzana agakiza: arik' umubabaro wo mu buryo bg'isi utera urupfu. (2 Ab'i Korinto 7:10)

**Wiyumvira iki kw'itandukaniro hagati y'umubabaro isi itanga n'umubabaro Imana itanga?**

Ukwihana ni uguhitamwo kwemera Kristo akaguma mubuzima bwawe kugira agushoboze kugir ihinduka agushakako. Niwagereze kwihana kungucvu zawe ubwawe, utegerezwa kunanirwa, kandi uzoca wihana n'uburyo uriko urihana. Ariko, Iyo wizeye Kristo akaguha ubushobozi bwo guhinduka, uba uriko urakora ku bushobozi bwiwe apana ku bwawe gusa. Urashobora kuja rero mukwubaha. Naho bigoye guhinduka, urashobora kubandanya wizera Imana ikaguha ingumvu ukeneye.

Ukwihana bisigura guhindura ivyiyumviro vyawe hama ukagenda mu cerekezo gishasha. Imbere yuko uza kuri Kristo, isi yari imbere yawe hama Imana yari inyuma yawe, ariko ukwihana gushira Imana imbere yawe hama isi kukayishira inyuma yawe.

**Ni izihe mpinduka wiyumvira ko Imana ishaka ko ugira mu gihe Uyizera ko iguha ubushobozi?**

Rimwe na rimwe iyo umwana agambarariye umuvyeyi wiwe, umwanya w' ndero uba wahagaze mu kwiyumvira kuvyaba yakoze. Hariho umwanya umuvyeyi aba agishavuye kandi haba hari umwanya hagati y'indero no gusubizaho ubusabane. Imana ntitanga imyanya yo kuruhuka. Ishaka ko uhindukira ubwonyene wumvise ko hari ikitamuhimbara. Urashobora kumenya neza ko Imana idashaka umwanya uhera hagati y'ugucumura kwawe n'ukwitunganya.

Intsinzi yambere y'icaha iba igihe Yesu Kristo aje ku bwacu.

Abo nkunda, none tur' abana b'Imana, arik' uko tuzomera ntikurahishurwa; ico tuzi, n'uko Yesu ni yahishurwa tuzosa na we, kuko tuzomuraba ukw ari.(1 Yohana 3:2)

Twaracunguwe igihano c'icaha. Ivyo vyitwa *Ugutsindanishirizwa*. Dukizwa ubushobozi bw'icaha. Ivyo vyitwa *Ukwezwa*. Umusi umwe tuzokurwa ahari icaha. Ibi vyitwa *Ubwiza*.

**Bitumye mwiyumva ute kumenya ko umusi wegereje, aho uzobona Yesu imbona nkubone, aho utazoba ugihemukira Imana ukundi?**

#### **ICIGWA 4 UBUSHOBOZI BWO KUBAHO**

Kugerageza kubaho ubuzima rukristo kubwawe, atabushobozi bwa Mpwemu yera burimwo, ni nko gucana ibuji impande y'igiterwa gikeneye umuyaga nkuba. Abantu bamwe bamwe baranka kwakira Kristo kubera batizera ko boshobora kugumya isezerano. Baba bari mu kuri. Hari umuntu umwe gusa yarinze ijana kw'ijana isezerano kandi abaho ubuzima rukristo butagira agatosi. Yari Yesu Kristo, kandi yaranavuze ngo, “ntaco noshobora gukora tutarikumwe na Data.”

Nico gituma dutegerezwa kwishimikiza Mpwemu wa Kristo akorera muri twebwe biciye muri twebwe. Muri iki cigwa tusobona ukuntu duhabwa Mpwemu Yera yasezeranwe, ico bisigura kuzuzwa Mpwemu Year n'imihezagiro biva muguha ikibanza Mpwemu year.

#### **Isezerano rya Mpwemu yera**

Igihe Yesu yarari ku musozo w'ubuzima bwiwe ngaha kw'isi, yaragize isezerano rikomeye abigishwa biwe.

<sup>16</sup>Nanje nzosaba Data, na we azobaha uwundi Mwitsa, ngw az' abane namwe ibihe bidashira,  
<sup>17</sup>ni we Mpwemu w'ukuri, uwo ab' isi badashobora kwakira, kuko batamubona, kandi batamuzi; mweho muramuzi, kukw abana namwe kand' azoba muri mwebge.(Yohana 14:16-17)

Yesu yarazi ko agiye gusubira kwa Dat kandi ko yarafise umugambi mwiza, Umugambi wiwewari Mpwemu Yera, uwa gatatu mu butatu, ashobora kubera abigishwa ico Yesu yababera mu buryo bugarara. Zvyari vyiza ko Mpwemu yarungikwa kuko Kristo yagarukira ku mubiri ugaragara kandi akaba mu kibanza kimwe gusa, ariko Mpwemu Yera abera hose icarimwe, ahariho hose kumwanya wose. Mpwemu Year ashobora kuba mu wizera wese m kubaho n'ubushobozi bwiwe. Kuva ari Impwemu ya Kristo, aabaho mukugaragaza kristo.

Ariko jewe ndababgira ukuri: ikizogira ico kibamarira n'uko jewe ngenda; kuko nintagenda, Umwitsantazoz kuri mwebge: ariko ni nagenda nzomubrungikira. (Yohana16:7)

<sup>13</sup>Arik' uwo Mpwemu w'ukuri ni yaza, azobarongora abashitse ku kuri kwose, kukw atazovuga ivyo yigeneye, arikw ivy' azokwumva vyose ni vyo azovuga, kand' azobamenyesha ibigira bize.(Yohana 16:13)

**Nibihe vyizigiro biguhaye kumenya yuko utatawe kubaho ubuzima rukristo mukubaho ku nguvu zawe?**

### **Ukwakira Mpwemu Yera**

Kumwanya twakiriye Yesu Kristo, Bibiliya ivuga twavutse ubwa kabiri. Twavutse rimwe mu buryo bugaragara, ariko ubu twavutse mu buryo bw'impwemu. Imbere yuko twakira Kristo, impwemu zacu zari zarapfuye kandi atabuzima zifise nka kurya k'umupia utagiramwo umwuka. Ariko twaremejwe na Mpwemu Year ko dukeneye imbabazi. Rero yaciye ahumekera impwemu y'ubugingo mu mitima yacu, aratanagura, akura uruhumyi kumaso yacu kugira tubone kandi dutahure ubutumwa bwiza, kandi aduha ingabire y'ukwizere mu kwemer ubutumwa bwiza bwa Yesu Kristo.

Kuko muri Mpwemu umwe, twese ari ho twabatijwe ngo tube umubiri umwe, naho boba Abayuda cank' Abagiriki, naho boba abagurano cank' abidegemvya. Kandi twese twanyweshejwe Mpwemu umwe. (1 Ab'i Korinto 12:13)

Ariko mweho ntimuganzwa n'akameremere k'umubiri, ariko muganzwa n'impwemu, bisanzwe Mpwemu w'Imana aba muri mwebwe. Ariko iy' umuntu adafise Mpwemu wa Kristo ntaba ar' uwiwe. (Abaroma 8:9)

Kumwanya w'agakiza, twarose Mpwemu Year kandi tubatizwa na Mpwemu Yera mu mubiri wa Kristo, aiwo Shengero. Ubu aba muri twebwe kandi ashaka kwidegemvya muri twebwe mugihe tugendera mu Mpwemu biciye mu kugaragara n'ubushobozi bwiwe.

**Ni gute bikora kubushobozi bwanyu bwokubaho ubuzima rukristo ubu mumenye yuko Mpwemu Yera aba muri mwebwe kandi ko abasezeranira ukwidegemvya mu bushobozi bwiwe muri mwebwe kubwanyu?**

### **Kwuzura Mpwemu Yera**

Ukuronka Mpwemu Yera, canke umubatizo wa Mpwemu Yera, biba rimwe mu buzima kandi ntabwo bikenerwa gusubirwamwo kandi. Ku mwanya w'agakiza atubamwo, kamdi ntazigera adusiga twenyene canke ngo aduhemukira. Ukobiri kwose, nubwo twobaho ubuzima butari ubw'umu Kristo, ntabwo dutegerezwa kuguma twuzuzwa Mpwemu Yera. Ukwuzuzwa Mpwemu Yera ni ubuzima bwo kwakira ubushobozi n'ukubaho kwa Mpwemu year mukumuha ikibanza cose co kuganza ubuzima bwacu. Kwuzura mpwemu Yer ntabwo ariko aba ari hanze yacu. Ntanubwo dukeneye kuronka mwinshi, ariko tukeneye ku muha ikibanza mgo atuganze.

Kandi ntimukaborerwe vino, irimw' ubuhumbu, ariko mwuzure Mpwemu. (Abanyefeso 5:18)

Inyubako yo kuvuga n'ukwandika uyu murongo ishobora gusigurwa ngo, “kuba wuzuye ingingo ngenderwako zibandanya.” Twuzura Mpwemu year mu gukora ivyo bamwe bise uguhumeka mu buryo bw'Impwemu. Duhumeka dusohora mu kwatura icaha cose kizwi k'Uhoraho. Duhema twinjiza impwemu muguha Mpwemu year ibice bitandukanye vy'ubuzima bwacu ngo abiganze kandi mu kumusaba ngo atwuzure inkomezi n'ukugaragara kwiwe muri vyo bice vyose vy'ubuzima bwacu.

**Nigute wovuga itandukaniro hagati y'Umubatizo wa Mpwemu Yera no Kwuzura Mpwemu Yera?**

**Nibihe bice vy'ubuzima bwawe woshobora guha Mpwemu Yera ngo abiganze?( raba ku rutonde aha musu)**

- Ushobora kumurekera ubwenge bwawe ngo abiganze, ukamusaba ngo yerekane ibinyoma vy'umwasi kandi abinyuranye n'ukuri kwiwe. Ushobora kumutumira ngo yidegemye mugushira ivyiyumviro vyawe mubwenge bwiwe nkuko muvyumva mu kuri kw'ijambo ryawe.
- Ushobora kumuha ururimi rwawe ngo aruganze kugira ngo ijambo ryawe ribe iryubaka ntiribe irisambura.
- Ushobora kumuha ibigumbagumba vyawe ngo abiganze kugira ngo ngo muririre ivyo aririra, kandi mwishimire ivyo nawe yishimira
- Ushobora kumuha ugushaka kwawe ngo akuganze kugira ufate ingingo zihimbara Imana, wizera ko ari kugikorwa co gukora ivyagomba no gukora ibimuhimbara vyose hamwe. Ivyo bisigura ko ashobora kandi azobashoboza guhitamwo neza.
- Ushobora kumuha umubiri wawe ngo awuganze, mukugumisha umubiri wawe nk'ingoro ya Mpwemu year no mugikorwa c'umubiri wawe, ukoresha ingumvu zawe mugukorerwa Imana.
- Ushobora kumuha ubumuntu bwawe ngo abiganze umureke agukoreshe nk'umuntu wiwe yuzuye urukundo atangaje.
- Ushobora kumuha inguvu n'intege nke zawe ngo aziganze, ukamwizera ngo akoreshe inguvu zawe ivyiza kandi ukumureka inguvu ziwe zibe izihambaye mu ntege zawe.

- Ushobora kumuha ubutunzi bwawe ngo abuganze, ukibona ubwawe nk'umukozi w'ubutunzi bwiwe.

**Ni gute ibi bihimba vy'ubuzima bwawe biba ibtandukanye igihe mubimuhaye ngo abiganze kandi mukuzura Mpwemu Yera?**

### **Abasanzwe, abaganzwa n'umubiri n' ab'impwemu**

Arik' umuntu afise umubiri n'ubgenge gusa ntiyemera ivya Mpwemu w'Imana: kukw ar' ubupfu kuri we, kandi ntashobora kubimenya, kuko vyitegerezwa mu buryo bg'impwemu. (1 Ab'i Korinto 2:14)

Kubganje, bene Data, sinashoboye kubabgira nk' ab' impwemu, ariko nababgiye nk'abaganzwa n'akameremere k'imibiri yabo, nk'abana b'inzoya bo muri Kristo.

(1 Ab'i Korinto 3:1)

Iyi mirongo ibiri ivuga ubwoko butatu bw'abantu. Haravuga ivy'umuntu asanzwe, uwuganzwa na kameremere k'umubiri n'umunyampwemu. Umuntu asanzwe ni umuntu aba agitandukanyue n'Imana kandi nta Kristo aba afise. Kristo aba ari hanze y'ubuzima bwiwe kandi uwo ubwiwe niwe aba aciganza. Umuntu aganzwa na Kameremere ni umuntu yakiriye Kristo ariko atamuhaye ubuzima bwiwe bwose ngo abuganze nk'Umwami. Uyo ntabwo abari mugukura kuko aba akibaho kubw'inguvu ziwe. Umunyampwemu ni umuntu aba ari murugendo rwokurekera buri gace k'ubuzima bwiwe ngo Mpwemu wa Kristo kandi aba arondera kwemerera Mpwemu Yera ngo amurongore kandi amushoboze kubaho ubuzima bwubaha Imana.

**Woshoboa kwivuga ubwawe nk'umuntu asanzwe\_\_ Umuntu aganzwa na kameremere k'umubiri\_\_ canke Umunyampwemu?**

**N'uwuhe muntu ushaka kuba we?**

**Uriteguye gutanga ubuzima bwawe kuri Kristo kandi usabe Imana ngo ikuzuzwe Mpwemu Yera yayo?**

Raba isengesho rikurikira:

*Mwami Yesu,*

*Ndashaka gutanga imihoho nk'umurongozi mukuru w'ubuzima bwanje hama ngarukanya uburongozi kuri wewe. Ndashaka kwanka ubwanje ububasha bwo kurongora ubuzima bwanje hama ndaburekere wewe ngo ubuganze. Ndashaka kwikorera umusaraba wanje, name mpfa kuri jewe buri musu, kandi ndashaka kugukurikira n'inzia zawe mukwumvira uburongozi bw'Ijambo ryawe. Ndaguhaye ubwenge bwanje, ururimi rwanje, ibigumbagumba vyanje, ugushaka kwanje, umubiri wanjye, ubumuntu bwanje, inguvu zanje n'intege nke zanje mbere n'ubutunzi bwanje ngo ubuganze. Ubu ndakwizera kugira n'fgo unyuzuze ubushobozi bwa Mpwemu Yera. Mukugenders mukubaha amabwirizwa yawe, ndagushimira biciye mu kwizera yuko wanyujuje Mpwemu wawe.*

*Amen*

Iri sengesho rirahuye n'icifuzo c'umutima wawe? Ushobora kurisenga ubu nyene kandi yarasezeranye ko yumva kandi yishura. Senga irisengesho n'ijwi hejuru, ijambo kw'ijambo kandi Imana irumva icifuzo c'umutima wawe.

<sup>14</sup>Kand' ubu ni bgo bushizi bg'ubgoba dufise kuri yo, n'ukw iyo dusavye ikintu cose gihwanyeye n'ivy' igomba, itwumva. <sup>15</sup>Kandi ko tuzi yuko yumva ico dusavye cose, bitumenyesha yuko duhawe ivyo tuyisavye. (1 Yohana 5:14-15)

Turaziko ari ubugombe bw'Imana ko twuzura Mpwemu kukko Yarabitegeze.

**Waramusavye ngo akuzuze Mpwemu?**

Nimba biri uko, urashobora kumushimira mu kwizera yuko wujujwe. Ntanubwo ukenye guhiga ibimenyetso mu mubiri wawe, ariko wakira ukuzuzwa mukwizera, ushimira Imana ko yakujuje Mpwemu wayo kandi utangure kugendera muri Mpwemu. Uyu ni Umwimenyererzo ushobora gukora buri musu mumisi yose y'ubuzima bwawe isigaye. Winjire mubuhemeke bw'i Mpwemu mugusora iyo watura icaha, umurekurire ukuganza, umusabe akwuzuze ubushobozi bwiwe n'ukubaho kwiwe, kandi uvyakire mu kwizera.

## **ICIGWA CA 5 IKIGUZI C'UBWIGISHWA**

Yesu ntiyigeze atandukanya kuba umu Kristo no kuba Umwigishwa. Ico yakoze n'ukubwira abashaka bose kumukurikira kuriha ikiguzi. Abantu neshi barashaka kuba abakristo uko bishakira, ariko nkuko tuza kubibona muri ikicigwa, iyo siyo mahitamwo. Dutegerezwa kumenya yuko gukuriukira Yesu ntivyoroshe, ariko n'ivyicigiro. Muri iyi nyigisho turaraba gutahura ico vyukuri bisigura gukurikira Krissto kandi turihweza ubuzima bwacu tubayemwo twisunze insiguro yiwe y'Umwigishwa.

## Ukuriha ikiguzi

Mugihe c'Igikorwa ca Yesu, Ukumenyakana kwiwe kwaguma gukura, kandi ishengero rinini ryaramukirikira, ariko we ntabwo yatangazwa n'ukwo bari bameze. Yarazi yuko beshi muri bo batari bitayeho ivy'Impwemu. Bamwe bashaka kwibonera ibitangaza, abandi bumvise yuko ahaza abshonje, n'abandi bake bari bipfuzi ko yohirika ingo y'Abaroma agashiraho ingoma y'ubwami bwa Dawidi bwasezeranywe. Bari biteze ibitarivyo. Yesu yahindukuriye ishengero ababwira inyigisho yatumye bacishwa bugufi.

Iyo uba wari mw'iryi shengero icogihe, wari kuba umwe mubaciye bahindukira bakigenders, canke warikuba umwe yateye intambwe akabandanya akurikira Yesu nk'Umwigishwa wiwe? Yesu yahamagaye abantu kumenya ikiguzi c'ico bisigura kuba uwumukirikira w'ukuri. Muri iyi nyigisho, turaraba ico bisigura kuba umwigishwa w'ukuri wa Kristo. Aduhamagarira kumugira umwami mugace kwose k'ubuzima bwacu tubamwo.

Dietrich Bonhoeffer, umubapasitori muri Germani mugihe y'intwari ya Hitler, yarafunzwe kandi apfa azira Kwizera. Mu gitabo ciwe, Ikiguzi c'ubwigishwa, yaravuze ati « Agakiza ni ku buntu, ariko ubwigishwa buzogusaba ikiguzi c'ubuzima bwawe. »

<sup>25</sup>Kandi ishengero ryinshi ryari rijanye na we: arahindukira, arababgira, <sup>26</sup>at' Umuntu ni yaza kuri jewe, ntiyanke se, na nyina, n'umugore wiwe, n'abana biwe, na bene nyina, na bashiki biwe, mbere n'amagara yiwe na yo, ntashobora kuba umwigishwa wanje. <sup>27</sup>Utikorera umusaraba wiwe ngw ankurikire, ntashobora kuba umwigishwa wanje. <sup>28</sup>Ni nde muri mwebge agomba kwubaka umutara w'amatafari muremure, ntiyobanza kwicara, akarimbura igitigiri c'amahera yowubaka, ngw amenye yukw afise ayowunonosora? <sup>29</sup>Ngo kumbure yoba ahajeje kwubaka amatafari y'itanguriro, ntashobore kuwuzuzi; ababibonye bose bagatangura kumutwenga, <sup>30</sup>bat' Uyu yatanguye kwubaka, ntashobora kwuzuzi. <sup>31</sup>Canke har' umwami yoba agiye guhura n'uwundi ngo barwane, ntiyobanza kwicara, akaja inama, ko yashobora kujana ingabo ibihumbi cumi guhwana n'umuteye ari n'ingabo ibihumbi mirongwibiri? <sup>31</sup>Bisanzwe atari ko biri, wa wundi akiri kure cane, amutumakw intumwa, akamubaza ico yomuhongera ngo babane amahoro. <sup>33</sup>Ni ko biri, umuntu wese muri mwebge adaheba ivy' afise vyose ntashobora kuba umwigishwa wanje. (Luka 14:25-33)

Ijambo “kwanka” ngaha risigura “gukunda buke.” Yesu ariko aravuga ko urukundo rwacu kuri we rwari rukwiye gukomera gusumba urwo dufitiye abo mu miryango yacu yahafi, mbere na twebwe ubwacu, twari dukwiye kuboneka nk’abiyanse tugereranije.

**Woshobora kugereranya urukundo ufitiye abo mumuryango wawe wa hafi m’urukundo ufitiye Yesu?**

**Nimba umusaraba werekana igikoresho c’urupfu, wibaza ko bisigura iki kwikorera umusaraba wawe?**

**Iyo uravye ikiguzi c’ico bisigura kuba umwigishwa wa Kristo w’ukuri, nigute bizigufasha kwirinda kuva muri Kristo no mw’ishengero ryiwe hanyuma?**

**Kwikorera umusara wawe**

<sup>24</sup>Buno Yesu abgira abigishwa biwe, at' Umuntu ni yagomba kunkurikira, ni yianke, yikorere umusaraba wiwe, ankurikire. <sup>25</sup>Kuk' ugomba gukiza ubugingo bgiwe azobubura, arik' uzoheba ubugingo bgiwe kubganje azoburuka. <sup>26</sup>Kand' umuntu vyomumarira iki kwunguka ivyo mw isi vyose ni yakwa ubugingo bgiwe kw iciru? Cank' umuntu yotanga iki ngw acungure ubugingo bgiwe? (Matayo 16:24-26)

Kwiyanka ubwawe bisigura kwegura nk’umurongozi mukuru w’ubuzima bwawe hama ugahindukiza ubwo burongozi kuri Kristo. Bisigura kureka ububasha bwo kurongora ubuzima bwawe ugaha kiristo ukuganza. Yesu ntahagijwe n’ibivurwa mu cerekezo c’ubuzima bwacu, ariko aduhamagarira kumugira ikibanza ceranda vyose bihurirako kandi ikintu cose kivako.

Jim Elliott yari umujana butumwa muri Auca b’abahinde bamwishe ariko ararondera gushiraho ubucuti. Imbere yuko apfa , yavuze ngo, “umuntu ntabwo ari ikijuju giheba ivyo adashobora kugumana kugira aronke ivyo adashobora kubura.”

Raba ibice bimwe bimwe bikurikira vy’ubuzima bwacu: Akazi, umuryango, ubucuti, imigambi yo muri kazozo, inzu, imodoka, ivyokwinezereza, umwanya, amagara n’imyimenyerezo, ububiko bw’imitahe, uburyo bwo mukaruhuko n’ibintu bigaragara bifise ikimazi kuri wewe.

**N’ibihe bibanza vy’ubuzima bwawe bishobora kukugora kureka Kristo ngo abiganze?**

**Nigute woshobora gukiza ubugingo bwawe mukububura?**

**N'akahe karorero k'ukuronka isi yose ukabigurana n'umushaha wawe?**

### **Gukurikira Yesu**

<sup>9</sup>Yesu ahavuye, abona umuntu yitwa Matayo, yicaye aho yatoreza ikibuguro. Aramubarira, ati "Nkurikira." Ava hasi, aramukurikira. <sup>10</sup>Kandi Yesu acicaye mu nzu arikw ararya, haza benshi mu batozakori n'abanyavyaha, basangira na Yesu n'abigishwa biwe. (Matayo 9:9-10)

Yesu yahamagaye Matayo ngo amukurikire. Matayo yaciye ahaguruka aramukurikira, twisunze akagace, mu kibanza gukurikira, Yesu yicaye munzu kwa Matayo ariko ararya hamwe n'abagenzi ba Matayo. Nimba ari uko, bisigura iki kur Matayo gukurikira Yesu? Bishoboka ko ako gace k'ico arico gukurikira Yesu ni gushika indani mu migenderanire yacu, dusangura urukundo rwa Kristo n'abo dusanzwe tuzi mu buryo busanzwe. Ubutumwa bwiza buvugwa keshi muburyo busanzwe biciye mu mirwi y'ubucuti busanzwe buhari.

**Iyaba wari ugiye gutumira abagenzi bawe batazi Yesu ngo musangire ivyo kumugoroba. Ni bande wari gutumira?**

<sup>31</sup>Nuko Yesu abgira Abayuda bari bamwemeye, ati Ni mwaguma mw'ijambo ryanje, mur' abigishwa banje vy'ukuri; <sup>32</sup>kandi muzomenya ukuri, kand' ukuri kuzobaha kwidagemya. (Yohana 8:31-32)

**Wiyumvira ko bisigura iki kubandanya mw'ijambo rya Kristo?**

**Ni gute woba amahoro mukumenya yukuri kw'Ijambo rya Kristo?**

<sup>18</sup> Aciye i ruhande y'ikiyaga c'i Galilaya, abona abavukana babiri, Simoni yitwa Petero, na Andereya mwene nyina, bariko baraterera urusenga mu kiyaga, kuko bar' abarovyzi.

<sup>19</sup>Arababgira, ati “Ni munkurikire, nzobagira abaroba abantu.” <sup>20</sup>Baca bareka insenga, baramukurikira. (Matayo 4:18-20)

Gukurikira Yesu ni kuba umurovyi w’abantu. Kuba umurovyi w’abantu ni kurondera kutuma abantu beshi cane bashoboka binjira mu migenderanire na Kristo. Birashoboka ko abakristo benshi batakiri abarovyi b’ab’abantu ahubwo ari aba bacungira kibanza babitegereza?

**Ni muzihe nzira ushobora guhinduka umurovyi w’abantu?**

<sup>15</sup> Nuko barangije kurya, Yesu abaza Simoni Petero, ati “Simoni, mwene Yohana, mbeg' urankunda kurusha aba?” Na we at' “Ego, Mugenzi, wewe urazi ko nkunogera.” Aramubgira, at' “Ahura imyagazi y'intama zanje.” <sup>16</sup> Yongera kumubaza ubugira kabiri, ati “Simoni, mwene Yohana, mbeg' urankunda?” Na we at' “Ego, Mugenzi, wewe urazi ko nkunogera.” Aramubgira, ati “Ragira intama zanje.” <sup>17</sup> Amubaza ubugira gatatu, ati “Simoni, mwene Yohana, mbeg' urannogera?” Petero arababara, kuko yamubajije ubugira gatatu ngo “Mbeg' urannogera?” Aramwishura, ati “Mugenzi, weho urazi vyose, urazi ko nkunogera.” Yesu aramubgira, at' “Ahura intama zanje.” (Yohana 21:15-17)

Iki n’ikigisnirto ca mbere c’umutima k’umutima Yesu yagiranye na Petero inyuma y’ukuzuka, hanyuma Petero, umwe mubigishwa biwe ba hafi, yaramwihakanye. Vyari vyerekanywe ko Yesu yabjije Petero ko amukunda incuro zitatu, umwanya wose Petero yaramwihakanye, Kugira Petero yereke urukundo rwiwe kuri Yesu, yahawe kwitaho intama za Yesu. Intama za Yesu n’abana biwe, abo kandi bamukurikira Yesu.

**Nizihe nzira woshobora gukora, kwitaho no kuyobora intama za Yesu?**

**Nimba kwitaho abavukanyi bo mw’ishengero ari isinzira woshobora kwerekana urukundo rwa Kristo, ni gute ivyo vyohindura uburyo wiyumva kubijanye no gukorera muburyo bwo gushira mungiro nk’uko witaho umuryango w’Imana?**

**Inyuma yokubona ikiguzi c’ubwigishwa, witeguye gukora isezerano ryiza kuri Kristo ryoshobora kukwerekana nk’umwigishwa wiwe wukuri?**

**Nizihe ngingo z’umwigishwa wibaza ko zogorana cane kwuzuza?**

Ni vyiza cane kumenya yuko tutaretswe kugira ngo dukurikire Yesu nk'abigishwa biwe mu nkomezi zacu. Imana iduhamagarira kuyirekera gusa ikatuganza, kandi tukizera impwemu ya Kristo muri twebwwe ngo idushoboze kumukirira mukumwubaha mu munezero nkuko tubaho ubuzima bwacu mugukunda Imana no gukunda abandi.

## **ICIGWA 6 INDERO Y'UBUNTU**

Umwigishwa ni umuntu yitoza indero bwiwe mu gukurikira Amabwirzwa ya Kristo. Nimba kugira dukure ijana kw'ijana nk'abigishwa ba Kristo, dutegerezwa kugira imigenzo imwe imwe ishobora kutwemerera kubaho ubushobozi bukomeye mu bwami bw'Imana. Rero nk'umwirutsi canke umuririmvyi ategerezwa kugira indero zimwe zimwe kugira ngo amenye ubumenyi nkenerwa kugira abe igitangaza, umukristu ategerezwa kwugira ingingo ngenderwako agira zishobora kwerekana urukundo dufitiye Kristo.

<sup>26</sup>Nuko nanje ndiruka, ariko si nk'utazi iy' aja: nkubitana ibipfunsi, <sup>27</sup>ariko si nk'uhusha; kandi ndwanya umubiri wanje, nkawuhindura umuja, kugira ngo kumbure mmaze kwigisha abandi, nanje ubganje sinze mboneke ko ntemewe. (1 Ab'i Korinto 9:26-27)

...Arikw imigani ihumanya n'iy' abakecuru ntuyemere. Wimenyereze kwubaha Imana; (1 Timoteyo 4:7)

**Twisunze iyi mirongo, niki woshobora kwizera kugira ushitse nimba wotangura indero y'ukwizera**

Kand' Imana ishobora kubasazako ubuntu bgose, kugira ngo murushirize gukora ivyiza vyose, mufise ibibahagije muri vyose... (2 Ab'i Korinto 9:8)

**Kuberiki tuyvita ingeso y'ubuntu?**

Iyo tuba kandi tukagenda mu buntu bw'Imana, iduha ivyo dukeneye muri twebwwe kandi vy'umusesekara kubw'ibikorwa vyiza dukora. Ubuntu bw'Imana ni akaryo kayo tudakwiriye. Ntabwo tugira ingeso zimwe zimwe kugira ngo turonke akaryo k'Imana, ariko tubikora kugira kubwo guterwa intege kw'ubuntu. Ibiter'intege vy'ubuntu ni vyiza cane kubwa kahise k'ubuntu bw'Imana. Urukundo rw'ubuntu bw'Imana bwa kubu kandi bikatwizeza n'ubuntu bw'Imana muri kazoza. Umenye neza ko imisi yose wimenyera indero y'impamvu z'ukuri.

**Nimba ugize imyimerezo y'ingeso k'ugutera intege kw'ubuntu akugerageza kwimenyereza ingeso kugira ngo uronke akaryo k'Imana, n'iyihe nyifato wogira?**

### **Ingeso z'umuntu ubwiwe**

#### ***Inyigisho ya Bibiliya:***

<sup>1</sup>Hahirwa abagenda batunganye, Bakagendera mu vyagezwe vy'Uhoraho. <sup>2</sup>Hahirwa abitondera ivyo yihanikirije, Bakamurondeza umutima wose. (Zaburi 119:1-2)

<sup>16</sup>Nzonezererwa ivyo washinze, Sinzokwibagira ijambo ryawe. (Zaburi 119:16)

Ijambo ry'Imana ni ubuzima bwacu. Ryashizweho n'Imana kugira rigaburire imishaha yacu nkuko ifungurwa ziri ku mubiri yacu. Umunyavyatsi atema ishurwe hama akarisuzuma mu buryo bwa siyansi, ariko uruyuki runezererwa nokurinunuzamwo ubusosera(nectar). Ushaka kuba ukurikirana ivyatsi canke uruyuki? Dutegerewa kuza mw'ijambo ry'Imana dufise inyota yokumviriza ijambo rishasha kandi ry'umuntu kuruhande rwiwe.

**Ni gute Bibiliya yoba umunezero kuri wewe hakuba ingeso isanzwe?**

Ivyanditswe vyose vyahumetswe n'Imana, kandi bigira ikimazi co kwigisha umuntu, no kumuhana, no kumutunganya, no kumutoza indero nziza mu kugororoka. (2 Timoteyo 3:16)

Kukw ijambo ry'Imana ari rizima, rifise ubukuba, rifise ubugi buruta ubg' inkota zose, rikinjira n'aho ritanya ubugingo n'impwemu, rigatanya ingingo n'umusokoro, risuzuma ivyo umutima wiyumvira, ukagabira. (Abaheburayo 4:12)

Imana yabahaye ijamba ryayo kubw'impamvu. Ijambo ryayo rizokujana kunyigisho yo gukura mugihe umuretse ngo Ikwigishe, rigutunganye, riguhanemkandi rigotoze indero zo kugororoka. Ni vyikimazi kuba musoma urutonde rwa Bibiliya ruzobatuma musoma uburyo bwose biciye muri Bibiliya. Ubwo muba imbere y'Imana, uburyo bwihuse bwo kumva ijwi ryayo ni kujaa mw'ijambo ryayo. Uburyo bworoshe ni gusoma, guca umurongo ku mirongo ikubwira vy'ukuri, kandi muyisenge ku Mana. Ijambo ryayo ni ubushobozi kandi rizoshitsa umugambi wayo igihe tworyuzuzamu mu buzima bwacu.

**Ni gute ari ivyagaciro kuri wewe kumara umwanya wawe mw'ijambo ry'Imana imisi yose?**

**N'ubuho bwoko bw'inyigisho ya Bibiliya urimwo ubu?**

**Ni hehe ushaka kuba mu mwaka umwe kuva ubu mu mugambi wawe wo kwiga ijambo ry'Imana?**

**Isengesho:** Isengesho ni ikibanza wakira ukanasohora ubushobozi bw'Imana. Ni vyose kuvugisha Imana no kwumviriza ijwi ryayo biciye muvyifuzo mu bwenge bwanyu.

Ntimugire icyo mwiganyira, ariko muri vyose ivyo mugomba bimenyeshwe Imana, mu gusenga no mu kwinginga bifataniye no gukenguruka. (Ab'i Filipi 4:6)

**N'ikihe kintu ciza woshobora gukora kubijanye n'ubwoba hamwe n'ukwiganyira?**

**Nibiki wibaza vyoshobora kugira ubwoba bwawe igihe uhise uhindura ivyiyumviro vyawe vy'ukwiganyira mw'isengesho?**

Mwaturanire ivyaha vyanyu, musengeranire, kugira ngo mukire indwara. Ugusaba kw'umugororotsi kugira ikimazi kuri vyinshi mu gikorwa cakwo. (Yakobo 5:16)

Ntabwo musenga ngo bitumen Imana ihaguruka nkuko umenga iba yicaye. Imana yama iriko irakora, ariko iyo tuyegereye hama tugasenga, bituma ikora ibintu bikomeye kandi vyiza cane kugira yiheshe icubahiro.

**Niki uriko urasaba Imana gukora vyoshobora kwerekana ubushobozi bwayo?**

Irya mbere y'ibindi vyose, ndabahanura kwingingira abantu bose no kubasengera no kubasabira no kubashimira Imana. (1 Timoteyo 2:1)

Isengesho ryinshi, ubushobozi bwinshi! Isengesho rito, ubushobozi buke! Iyo twinjiye mw'isengesho, tuba twerekana ukwizera yuko Imana ishoboye gukora vyishi tutoshobora gukora na rimwe mu nkomezi zacu.

**Kuber'iki wiyumvira ko vyari vy'agaciro yuko Pawulo yingingira Timoteyo gusenga cane?**

Ushobora gukoresha uburyo bw'isengesho KGGK(CATS). Iyo ni impfunyapfunyo y'amajambo Kwatura, Guhimbaza, Gushima, no Kwinginga bituma habamwo kubasabira ku Imana uvyo mukenye ubwanyu no kuvugiranira ku Mana. Raba mu vyanditse vyera, cane cane mu ma zaburi, Ibiza muri iyimigwi hama ushobore gusenga Imana. Gusengesho ijambo ry'Imana ni ugufatanywa kw'inkomezi.

### **Ingeso z'uruganda**

#### **Gusenga:**

Arikw igihe kiza, kandi kirashitse, ni ho abasenga b'ukuri bazosengera Data mu mpwemu no mu kuri, kuko Data arondera abamusenga bameze bartyo. (Yohana 4:23)

<sup>24</sup>kandi twiyumviraneko, kugira ngo turwane ishaka ryo gukundana n'iry' ibikorwa vyiza, <sup>25</sup>twoye guheba gukoranira hamwe, nk'uko bamwe bagira, ariko duhanurane, kand' uko mubonye wa musu wegereza, murushirize kugenza murtyo. (Abaheburayo 10:24-25)

**Yesu avuga guhimbaza si ikintu twebw dukora, ariko turi abasenzi munyaduruko y'ikituranga, kandi ntiduhari kugira ngo tureke gukoranira hamwe keshi. Uhawe ibi, wiyumvira ko isezeranro ryawe ryo gusenga ku ndwi ryari rikwiye kumera gute?**

#### **Ikibano:**

Twebge turazi yuko twavuye mu rupfu, twashitse mu bugingo, kuko dukunda bene Data. Udakundana yama mu rupfu. (1 Yohana 3:14)

42 Bashishikara cane mu vyo intumwa zigisha, no kugira ubumwe, no kumanyagura umutsima no gusenga. <sup>43</sup>Umuntu wese aterwa n'ubgoba: kand' utwumiza n'ibimenyetso vyinshi vyakorwa n'intumwa. <sup>44</sup>Abizeye bose baba hamwe, basangira ivyabo vyose: <sup>45</sup>amatongo yabo n'ibintu vyabo barabigura, bakabibagabanganya bose, nk'uk' umuntu wese akennye. <sup>46</sup>Kand' imisi yose bashishikara kuja mu rusengero n'umutima uhuye, kand' i wabo

bamanyagura umutsima, bakarya banezerewe n'imitima itagira akarohe, bahimbaza Imana, <sup>47</sup>kandi na bo bashimwa n'abantu bose. Umwami Imana akabongera imisi yose abama barakizwa. (Ivyakozwe n'intumwa 2:42-47)

Ishengero ryo hambere ntibahura mu ndwi kugira basenge ibisanzwe gusa, ariko barahurira no mu tugwi dutoduto mumazi yubatswe y'ikibano biciye mu bucuti busanzwe bwabo. Barahura bagasenga, bayaga kuvya Bibiliya, ibisanzwe basangira hamwe ivyogufungura, kubw'igikorwa basangiye, bagahimbaza, no gushikira abagenzi ababo batari mu masengero.

**N'ibiki wiyumvira woshobora kumenyera mu kugira utugwi dutoduto utoshobora gucamwo mu guhimbaza mubikorwa vyagutse?**

**Wiyumva gute kubijanye no kugira isezerano ryo gutanga ubwawe umubiri wawe kuri Kristo biciye mu kibano c'utugwi duto duto?**

#### ***Igikorwa:***

<sup>11</sup>Kandi yahaye bamwe kuba intumwa, abandi kuba abavugishwa na we, abandi kuvuga ubutumwa bgiza, abandi kuba abungere n'abigisha: <sup>12</sup>kugira ngw abera babone gutungana, baheze bakore igikorwa co kugabura ivy' Imana, bubake umubiri wa Kristo: <sup>13</sup>kugeza aho twese tuzoshikira ku kugiriranira ubumwe buva ku kwizera n'ukumenya Umwana w'Imana, kandi kugeza aho tuzoshikira kuba abantu bakuze, no ku rugezo rw'ubginshi bg'ukunengesera kwa Kristo. (Abanyefeso 4:11-13)

Imana yashize uwizera wese mw'ishengero kandi yaduhaye umwe wese muri twe ingabire zo gukoreshwa kumukorera mukwubaka umubiri wiwe. Ntabwo twakijijwe *n'igikorwa*, ariko twakijijwe kubw'igikorwa. Imana iriko irubaka ishengero kubw'icubhiro cayo. Gukorera Imana mu shengero ryayo n'igikorwa gikomeye cane tuzogira. Ntkindi mbere cegereye hafi. Igihe tuzoba tugeze kw'iherezo ry'ubuzima bwacu, tuzoba duhagijwe nuko twabayemwo mu kwubaka ishengero ry'aho turi, no mugutegura umugenzi wa Kristo kubw'ukuza kwiwe.

**Ni gute mwizerako mushobora gukoresha ingabire, impano, n'inguvu zogukorera umubiri wa Kristo?**

#### ***Gutanga:***

<sup>6</sup>Ariko ico mvuga ngiki, ng' Ubiba nke, azokwimbura bike, ubiba nyinshi azokwimbura vyinshi. <sup>7</sup>Umuntu wese atange nk'ukw abigabiye mu mutima wiwe, atababaye cank' atagoberewe, kukw Imana ikunda utanga anezerewe. (2 Ab'i Korinto 9:6-7)

Muzobona ibara, mwebge abanyabgenge b'ivyanditswe n'Abafarisayo, mwa ndyarya mwe, mutanga ikigiracumi c'imbgija na anisi na kumino , ariko mwaretse ibihambaye vyo mu mabgirizwa, guca izibereye, n'imbabazi, n'ukwizera; arikw ivyo mwari mukwiye kubikora, vya bindi na vyo ntimubireke. (Matayo 23:23)

<sup>8</sup>Mbeg' umuntu yogunga Imana? Ariko mwebge mwarangunze. Yamara muravuga, muti “Twakugunze ibiki?” Mwangunze ikigiracumi n'amashikanwa. <sup>9</sup>Wa muvumo murawuvumwe: kukw ihanga ryose uko mungana mwangunze. <sup>10</sup>Muzane mu bubiko ikigiracumi gishitse, kugira ngw inzu yanje ibemw' ivyo kurya; enda ni mubingeragereshe, ni k'Uhoraho Nyen' ingabo agize, murabe ko ntazobagomororera ingomero zo mw ijuru, nkabacuncuburira umugisha, mukabura aho muwukwiza.” (Malaki 3:8-10)

Imana ni Imana itanga. Yatanze umwana wayo w'ikinege nk'uwagaciro cane, ingabire ihebuje umuntu wese yotanga. Ubu rero adutumirira kubanana nawe muruganda rw'ubwami bwiwe bwo kwubaka ishengeru yiwe biciye mugutanga ibigiracumi n'amashikanwa. Muri Bibiliya, igihe cose Imana idusaba gutanga mu buryo bw'ubutunzi, asezerana umugisha uhebuje.

Gutanga ni igikorwa co kwubaha no kwizera. Iyo dutanze, tuba twizera yuko Imana izoduha ivyo dukeneye vyinshi mu buryo busagutse gusumba uko twari kwibikira amahera/amafranga hama tukagerageza kuyakoresha mukwikemurira ivyo dukeneye ubwacu.

Ijambo ikigiracumi risigura kimwe ca cumi. Gutanga icicumi n'ikimenyetso c'akamaro kw'Isezerano rya Kera kitwereka uko tworaba ko twiyumvira mumitima yacu ivyo Imana igomba ko dutanga. Yesu yabwiye Abafarizayo yuko bakwiye kugira ubutungane, imababazi n'ukwizera batarinze kwanka kubandanya gutanga ibigiracumi. Nimba tubayeho kubw'ubuntu mu kibanza c'amategeko , twari dukwiye gusaba Imana ngo itwereke ukovyari bikwiye kumera mugutanga imitima yacu yuzuye umunezero—Kubw'ubuntu bw'Imana muri Kahise, kubw'ubuntu bw'Imana ikigihe, no kubw'ubuntu bw'Imana muri kazoza.

**Nimba wemezwa ko Imana izohezagira cane kugira yunahishe umutima wawe utanga. Wibaza ko bisigura iki kuba Umunyabuntu?**

## **Ingeso mu bwami bw'Imana**

### ***Gushikira abaho uri:***

<sup>19</sup>ni kwo kuvuga yukw Imana yari muri Kristo yiyuzuzwa n'abari mw isi, ntiyabaharurakw ibicumuro vyabo, kandi yatubikije ijambo ry'umwuzuzo. <sup>20</sup>Ni co gituma tur' intumwa mu gishingo ca Kristo, Imana isa n'ibingingira muri twebge. Turabingira mu gishingo ca Kristo, mwuzure n'Imana. (2 Ab'i Korinto 5:19-20)

Uhamagarirwa kubana n'Imana mu gikorwa coguhuzwa abantu nay o ubwayo. Mpwem Year iza ku mababa y'ugushinga intahe kwanyu mukwemeza icaha abantu, kubazana kuri Yesu, gukangura imitima yabo gutahura no kwakira ubutumwa bwiza kubg'ukwizera. Imana ishaka kugukoresha mu kuvugur ubutumwa bwiza yuko umuntu yaremwe mwishusho yayo kubw'umugambi wokugendera

mu busabane nayo. Twese twavukiye mu caha kandi twatandukanye n’Imana. Imana yatanze inyishu kubw’ikikibazo mukurungika umwana wayo Yesu ngo apfe ku musaraba, arihe ikiguzi c’ivyaha vyacu, kandi adutegurire ibibanza mw’ijuru. Axoduha ingabire y’ubugingo budashira nitwamwakira mubuzima bwacu, tukizera ubushobozi bw’umusaraba kubw’imbabazi, tukihana ivyaha vyacu, kandi tukarondera kumukurikira nk’abigishwa biwe mu busabane no mugikorwa c’ishengero ryiwe.

Duhamagarirwa kub’ivyabona, mugusangira n’abantu ivyo Umwami mwiza yadukoreye, uko ubuzima bwacu bwari imbere yuko tuza kuri Kristo, uko twaje kuri Christo, n’uko yahinduye ubuzima bwacu kuva twaje kuri we.

**Ni ibiki iyo umuntu aje kuri wewe akavuga, “Ndumva ko uri umukristo. Ndashimishwa no guhinduka umukristo. Woshobora kumbwira ivyo umuntu akenera kugira ngo abe umukristo?” Wobabwira iki?**

<sup>37</sup>Maz' abagororotsi bazomubaza, bati “Mwami, twakubonye ryari ushonje, tukakugaburira; cank' ufise inyota, tuguha ico unywa? <sup>38</sup>Twakubonye ryari ur' ingezi, tuguha indaro; cank' ugenda gusa, tukakwambika? <sup>39</sup>Twakubonye ryari urwaye, cank' uri mw ibohero, tuza kukuraba? <sup>40</sup>Umwami na we azobishura, ati “Ndababgire ukuri: Ko mwabigiriye umwe mur' aba bene Data bari hanyuma y'abandi, ni jewe mwabigiriye.” (Matayo 25:37-40)

Yesu yagirira umuti aboro. Yarabamenya kandi akatubwira ko ivyo tubakorera tuba tubikoreye we. Hari aharenga incuro 200 hatwerekaga mur Bibiliya havugaga ibijanye n’igikorwa c’abantu b’Imana muguha aboro ivyo bakeneye.

**N’iki woshobora gukora kugira ufashe aboro mu kibano cawe?**

***Gushikira abandi bose:***

<sup>19</sup>“Nuko ni mugende, muhindure amahanga yose abigishwa, mubabatiza mw izina rya Data wa twese n’iry’ Umwana n’irya Mpwemu Yera; <sup>20</sup>mubigishe kwitondera ivyo nabageze vyose. Umve, ndi kumwe namwe imisi yose, gushitsa ku muhero w’isi. (Matayo 28:19-20)

“Nsaba, nzoguha amahanga, az' abe umwandu wawe, N'impera z'isi zize zibe ishamvu yawe.” (Zaburi 2:8)

Imana iriko iraduhagarira kuba abakristo mw’isi yose bafitiye umutima isi. Ntituzogenda nk’abajanabutumwa, ariko twese dushobora kugira ukwitanga mu gikorwa c’Imana mw’isi yose mugukuba mu nyigisho, mugusenga, mugutera integer, mugushikira no kuba mu bikorwa twisunze

icerekezo c’Imana. Iyo tubaye mugikorwa, biragera kure kandi bikaturengera bikanatwemerera kuba mubintu vyishi bikomeye cane gusumba duto duto twacu turimwo.

**Ni ubuhe buryo woshobora kuba muvyo Imana iriko irakora mw’isi uyumusi?**

Kubw’iyo nyigisho yawe y’indero z’ubuntu, urashobora kubona neza ubwiza bwo gushira mungiro ubwo bwoko bw’indero mu buzima bwawe. Iyo ushize mungiro inyigisho z’ indero za Bibiliya n’isengesho mu buzima bwawe, ivyirwa bisanzwe vyo guhimbaza, ikibano, igikorwa no gutanga, n’ivyirwa vy’ubwami bw’Imana mu gushikira aho mubaye no kwisi yose, muzobona kimwe cose kigira ikibanza gikomeye cane mugukura kwawe muburyo bw’impwemu. Mugihe izo ngeso zihinduka insiguro y’urukundo kubera ubuntu bw’Imana, muzogira ubwigenge no kuba mubushobozi bwuzuye bw’ubwami bwanyu.

## INTAMBUKO 9:

### UBURYO BUBANDANYA BW'INYIGISHO ZA BIBILIYA---URUGENDO

Intego yacu ni kubafasha kubarongora m'ugukura muburyo bw'Impwemu mukubaha uburyo bw'inyigisho ya Bibiliya bizobashikana kugira ijamba ryanyu rivuye ku mana buri musu kandi bibafashe kumenya icogukoresha iryo jamba igihe murihawe.

*Wame ugira umwete wo kwiha Imana nk'uwamaze kurama, umukozi atarinda guteterwa, aramiriza neza mw ijamba ry'ukuri. (2 Timoteyo 2:15)*

Igikorwa ciza cose kirajamwo indero. Umwigishwa wukuri wese ahindura abandi agira indero zituma batera imbere mu bushobozi bwabo mu kwumviriza no gukurikira Yesu. Inyigisho za Bibiliya zo kwishikana zigira ukwiga kumviriza Imana.

### INYIGISHO ZA BIBILIYA ZIBANDANYA

Inyigisho ya Bibiliya ibandanya ituma haba icigwa cimitse c'Imana bituma ugutahura cane, ubwenge n'ubusabane. Ubu buryo buzobafasha gushikana mungingo z'uburyo bwiza bwinyigisho za Bibiliya zibandanya igihe muzoba muriko muriga ubuzima bwa Kristo mu butumwa bwiza bwanditswe na Luka.

#### Icerekezo co kwishikana

Intumbero yo gusoma Bibiliya ntabwo ari amakuru ariko n'uguhinduka. Ntabwo ariivyo kwiga ivy'ibihe, ariko kumenya Imana biciye mukuhura na we igihe abavugisha biciye mu rwandiko rw'urukundo rwiwe kuri mwebwe. Igihe mutranguye iyi nteguro, ntimubifate nk'umwimenyerezo ukomeye wokugira indero, ariko ahubwo nk'akaryo ko kumenya Imana yabaremye kandi ibakunda.

Ushobora gukoresha mugusoma Bibiliya inzira yagizwe na Jerry hamwe na Marilyn Fine bise "Murimbure, Mushushanye hama Musenge"<sup>1</sup> Iyo mutanguye gusoma, ntimwihute. Fata umwanya wanyu wokurimbura igisomwa. Igihe ijamba canke iryungane cane umurongo ubagoye, ca muwucako akarongo hama mubandanye gusoma. Hama mugaruke kumirongo yose muba mwacyeko umurongo hama muyisome kandi, mwishushanye muriko gihe c'iryo jamba, kandi musabe Imana ibereke ico ishaka kubabwira ubwanyu biciye mw'uyo murongo. Hanyuma senga ukoresheje iyo mirongo ku Mana, ubivuga nk'uko woba ubona ishusho y'ukuri kw'uyo murongo kuriko kuraba mu muryango.

Uru rutonde rwihariye ni igisomwa c'ubutumwa bwiza bwanditswe na Luka. Ubutumwa bwiza bwa luka n'igikorwa cuzuye c'ubuzima bwa Kristo. Intango y'ubukristo ni ubucuti na Yesu Kristo, rero n'ubuho buryo bwiza bwo gukomeza imigenderanire yawe na we gusumba kumumenya biciye mugusoma ibijanye n'ubuzima bwiwe?

Buri musu uriko urasoma, fata umunota wogusenga no gaba Imana ngo ikubwire mumutima wawe biciye mu majamba, amungane, ivyiyumviro, canke imirongo vyukuri igusoba hama iyiguhe. Senga kugira ukumurikirwa kw'Imana gufatishe mumutima wawe ivy'ishaka kukubwira. Ushobora gushaka gushiraho kabaa kuruhande rw'ivyiyumviro udatahura. Ushobora guca umurongo musu cane ugashira mutuzitizo ibikora ku mutima wawe.

Imbere yo gusoma buri musu, subira inyuma urabe mu ncamake y'uburyo bubandanya bwo kwiga Bibiliya. Bugumize imbere yawe uriko urasoma hama ugire Umwihwezo, Insiguro, n'Ugushira mu ngiro muvuye ukora ku musu ku musu.

Inyuma yoguhitamwo imirongo itomoye wumva Imana iriko irakuganirizamwo, rero bishobora kuba ubuzima buhambaye bwo kwandika isengesho ku Mana rishingiye kuvyo wasomye. Ntakintu nakimwe gikomeye kandi cosabana n'Imana cane gusumba gusenga Imana uyisubiza amajambo yayo nkuko uyabamwo.

Muriko musenga, mushobora gukoresha uburyo GKGK bwo gusenga bushingiye ku Guhimbaza, Kwatura, Gushima, no Kwinginga. Ubwambere, mumenye imero z'Imana, akarorero, y'ukwihambaye muri vyose, izi vyose, ibera hose icarimwe, inyembabazi, Ihoraho. Ubukurikira, mwature yuko mwavuye mu mugambi w'Imana no kubice vy'ubuzima bwawe. Ubwa gatatu, mutange amashimwe kuvyo yakozze kubwanyu. Ubwanyuma, muyereke ivyo muyisaba no mukuyihamagara(Kwinginga). Ukwinginga gushobora kugaburwa Mu kuvuga ivyo mukenye ubwanyu no gusabira ivyo abandi bakeneye. Igihe usengera ivyo ukeneye ubwawe n'ivyabandi n'ivyo bakeneye, wibuke yuko Yesu yatanyuye isengesho ry'Uhoraho, na "Ubwami bwawe buze, ivyushaka bibe..." Sengera ivy'Imana iriko irakora Mwisanzure yayo, n'ubwami bwagutse. Sengera abantu uzi ko batazi Kristo, ko dushobora kubemeza ivy'icaha, tubazane kuri we, bahishurirwe ubutumwa bwiza, bahabwe n'ingabire y'ukwizera kandi ibakoreshe mu kubabwira ubutumwa bwiza. Sengera ishengero n'abajanabutumwa uzi. Ibi bizotuma mwagura imbono yanyu hejuru y'isi ntoya yanyu kugira bibashoboze kuba aba Kristo b'Isi nogushikana kure uko isi ibona.

## **Uburyo**

### ***Ikiringo I—Umwihwezo:***

***Ikibazo nyamukuru—Havuga iki?***

**Gusubiramwo inkuru. N'uruhuho rukurikirane rw'ako gace?**

**Ni bande bavugwamwo nyamukuru muri ico gice kandi niki ubizeko?**

### ***Ikiringo II—Ugusigura:***

***Ikibazo nyamukuru—Bisigura iki?***

**Niki igice kitwigisha ku Mana? Ku Muntu?**

**Nizihe ntumbero nyamukuru n'ingingo zivuga uburyo tubaho ubuzima ukwimana ishaka?**

*Ikiringo III—Ugushira mu ngiro:*

*Ikibazo nyamukuru— Ni gute biba mu buzima bwanje?*

**Ni gute nobibamwo mu buzima bwanje?**

**Ni gute navuye mumugambi w’Imana? N’ibihe vyaha ntegerezwa kwatura no guheba?**

**Ni gute nkeneye kwizera Imana ngo inshoboze guhinduka biciye mukzihana nyakuri?**

**Ni gute nohinduka igihe noba nizeye urupfu rwa Kristo kubw’imbabazi n’ugukira muri jewe?**

**Ni gute ubuzima bwanje bwomera igihe nizeye ukubaho n’ubushobozi bwa Mpwemu wa Kristo muri jewe kobukora ivyo ikigice kiriko kiranyigisha?**

Muzotegerezwa kugira agakaye kogushiramwo ibintu ku musu ku musu canke ugatunganya aho wandika mu machine yawe. Muzokurikiza uburyo buzobatuma mufata ivyo mumenye bishasha muvyirwa vy’urukurikirane. Hama muwohitamwo umurongo nyamukuru igukomeza; mwandike isengesho ryo kumusi kumusi ryo kubwira Imana ivyo uriko urumva iguhamagarira gukora mugushira mungiro ukuri kuri muri ico gice mubuzima bwawe.

Ubukurikira ni akarorero mwoshobora gukurikira buri musu. Muzokziga Icakabiri c’igice c’igitabo ca Luka buri musu mpaka uhejeje. Iyo ugiye hamwe n’uwugufasha aguhanura, ca musangira ivyo wumvise ko Imana yariko ikwerekana mu vyanditswe mundwi yaheze.

## **AKARORERO KO GUKOresha**

*Indwi ya mbere y'Indongozi y'Ukwishikana—Umusi 1*

**Agace— Luka 1:1-38**

**Ukwihweza, Ugusigura, no gushira mu ngiro:**

*Umurongo nyamukuru:*

*Isengesho rya buri musi:*

**Igitabo ca Luka kizogaburwa mu bice bikurikira.**

**Indwi 1:** Luke 1:1-38, 1:39-80, 2:1-38, 2:39-52, 3:1-20, 3:21-38

**Indwi 2:** 4:1-30, 4:31-44, 5:1-26, 5:27-39, 6:1-23, 6:24-49,

**Indwi 3:** 7:1-17, 7:18-50, 8:1-25, 8:26-56, 9:1-26, 9:27-62

**Indwi 4:** 10:1-24, 10:25-42, 11:1-36, 11:37-54, 12:1-34, 12:35-59,

**Indwi 5:** 13:1-17, 13:18-35, 14:1-14, 14:15-35, 15:1-10, 15:11-32

**Indwi 6:** 16:1-18, 16:19-31, 17:1-10, 17:11-37, 18:1-17, 18:18-43

**Indwi 7:** 19:1-27, 19:28-48, 20:1-26, 20:27-47, 21:1-24, 21:25-38

**Indwi 8:** 22:1-34, 22:35-71, 23:1-25, 23:26-56, 24:1-12, 24:13-53.

**IVYONGEWE #1**

## UBURYO BWO KUGWIZA UBWIGISHWA NYAKURI

### URUGENDO RW'INTAMBUKO ICENDA

- 1 Integuro mu buryo bw'impwemu—Ukwitegurira umwimbu
- 2 Ukuwiganya mu bucuti
- 3 Ugusengera abagenzi banje
- 4 Ugutangaza ibiganiro vyo mu buryo bz'Impwemu
- 5 Ugusangira intahe yanje
- 6 Ugusangira intahe yiwe—Intambuko zokumenya Imana
- 7 Inyigisho ikomeye y'Ubutumwa bwiza—Ibibazo bihambaye vy'ubuzima
- 8 Inyigisho z'intango kubizeye bashasha-Urukurikirane rw'ibikorwa
- 9 Inyigisho ibandanye ya Bibiliya- Urugendo

Umuntu wese akoreshahaba uburyo bw'Umwe-kuri-umwe canke Ubuhanuzi bw'ivy'impwemu bwa Batatu n'Uwutanga icerekezo, Uwizeye, hamwe n'umuntu atarizera. Iyo urose Uzuwera wo kurongora, utangurira kuva kuri buri ntambuko ya 1 gushika ku 5 mpaka urose umuntu atari mu kwizera yiteguye gutangurana na we Ibibazo bikomakomeye vy'ubuzima. Iyo utaronka uwo muntu, ushobora kubandanya intambuko ya 5 biciye muburyo bw'ugutanga icerekezo. Uko biri kwose, menya neza ko usubiramwo buri ndwi intambwe ya 1 gushika ku ya 5 mpaka uronke umuntu yiteguye gutangurana na we. Iyo Uwizeye wawe ariko agira ibibazo mukubona uburyo bwogutangura ibiganiro vyo muburyo bw'impwemu, ganira akamaro k'isengesho mugushiraho ubwo burusho hamwe n'abashobora gutangura ivyo biganiro. Hama ugqeq usubirak inyuma ugatangurana nabo Ibibazo bihambaye vy'ubuzima.

Muri buri cigwa cose ushimikira kubintu bibiri wisunze insiguro ya Yesu y'umwigishwa muri Matayo 4:18-20---Gukurikira no Kuroba. Icigwa cose kigabuwe mu bice bitatu.

- 1) Gusuzuma uko indwi yaheze yagenze.
  - a. Gukurikira –Ni gute wubahiriza inyigisho kuva mu ndwi iheze?
  - b. Kuroba- Ni gute uriko urakuza imigenderanire yawe n'abantu badafise ukwizera?
- 2) Icigwa c'umusi
- 3) Integuro zo gukurikira no kuroba mu ndwi ikurikira.

Bishobotse, vyoba vyiza gukorana n'imigwi mitomito iyi migenderanire mu guhanurana muburyo bw'impwemu kugira ngo ibikorwa vy'Imana bibiri ntibibe biriko birahiganwa ariko vyuzuzanya. Nimba abagabo bariko bahanura abagabo, abagore bariko bahanura abagore, hama imiyabaga igahanura bagenzi, imigwi mitomito barimwo izoba iyikomeye cane.

Ntabwo ari buri wese azohita ajamwo kandi ngo ahite akora ibi. Uzaronka ababikora hakiiri kare, ababikora mu nyuma nabo batazagera baba biteguye canke ngo babishobore narimwe. Ntucike

intege; uko niko kuri. Jana nabo biteguye; hama uzobona umwimbu munini w'abantu baza kuri Kristo kandi bubatswe mu gukurwiza abigishwa ba Kristo.

Umwungere atanga akarorero k'ivugabutumwa n'ubwigishwa nyakuri mugushiraho inzira yiwe, mu guha icerekezo umurongozi nkenerwa no mukuba intwari kubw'impamvu.

Umurongozi nyamukuru akuruikirana igikorwa c'Imana kubw'ishengero mu gutanga ugukurikirana, ugufata mu minwe igikorwa, ugutera intege n'ugukarishanya kubandanya.

Ugukurikirana bishobora n'indangabikorwa isanzwe, mugutondeka buri umurongozi w'umurwi n'uwiga canke abiga. Inyongera ya 3 irafise ivyo mwosohora ku mpapuro. Hanyuma ukasuzuma uko bibandanya umwanya ubandanya. Akarorero k'indangabikorwa gashobora kuba yokurwa kuri [www.Naturaldiscipleship.com](http://www.Naturaldiscipleship.com).

Ugufata mu minwe ibintu bishobora gukorwa n'ukuja hamwe n'umuhanuzi w'impwemu rimwe mu kwezi. Ibi bizotuma umurongozi nkenerwa ahura nabo kandi abona uko bariko bamerewe, batange ugufata ibintu mumwanya n'icerekezo kubw'ibihe bitoroshe bariko baracamwo. Igihe igitigiri c'ugukurikirana kirenze gatanu, umurongozi nyamukuru akenera kurondera abahanuzi kugira bagabangane uguhamagara abarongozi buri kwezi. Abahanuzi bazotanga icegeranyo k'umurongozi nkenerwa mukurungika ikopi y'indangabikorwa igezweho n'ivyavuzweko. Ntamuntu n'umwe akeneye kuzezwa imigwi y'uguhanura myishi irenze itanu.

Inyigisho zibandanya zishobora gukorwa n'ukwegeranya incuro zitatu canke zine mu mwaka kubwabo bose barabwa n'ubuhanuzi bwo mu buryo bw'impwemu. Uyu mwanya wokwegeranya hakenewe kujamwo ibifungurwa, intahe zigufi zigufi z'ukuntu ubuhanuzi bw'ivy'impwemu bwahinduye ubuzima bwabo n'igice c'inyigisho ngufi ibandanya zitanze n'umurongozi mukuru canke umwungere. Umurongozi nkenerwa ku gikorwa c'Imana akenera kuronka no gukuza umugabo wo gukurikirana inzira z'abantu, umugore wogukurikirana inzira z'abagore n'umurongozi w'urwaruka ngo akurikirane inzira z'urwaruka.

## **IVYONGEWE #2**

## AMASEZERANO Y'UBWIGISHWA NYAKURI

### INYUNGU KU MIGENDERANIRE Y'UBWIGISHWA BW'UMUNTU

Hari impamvu nyishi zuko ubwigishwa bw'umwe-kuri-umwe canke umwe-kuri-babiri bufise igikorwa cihariye kidashobora kubera mu mugwi.

***Ukuvugana kenshi mu buryo busanzwe:*** Iyo umuntu agira ahure n'uyundi mu Kristo ubwabo, baravugana atakubeshanya ibibazo baba bariko barahura navyo mu buwima cane uguhangayika baba bariko babamwo. Keshi abantu baragira amakenga yokuvuga ibibazo vyabo imbere y'abandi bantu, ariko mumigenderanire y'umwe –kuri-umwe baranezererwa no kuvuga ibice bakeneye u bufasha vy'ukuri. Muri ubu buryo, ubwigishwa bushobora gushimikira cane cane kuvyo baba bakenye vy'umwihariko.

***Inshingano ihambaye:*** Mu migenderanire y'umuntu ubwiwe, uwuriko arigishwa ashobora kuzezwa mu bice abantu baba bakenye ugukura cane. Iki ni ikimenyetso gikomeye cane mugukura kw'umukristo

***Ukuba maso kw'umuntu wese:*** Ubwigishwa bw'umuntu ubwiwe butuma umwanya mwishi wo kuganira ingorane ubwo nyene no kumenya neza ko umuntu yigishijwe vyukuri atahura ibiriko biravugwa; mu murwi hashobora kutaboneka umwanya ukwiye wo kwishura ivyo umuntu akeneye.

***Ubusabane buhambaye:*** Imigenderanire ikomeye y'ubusabane ishobora cane gufasha abantu babiri canke batatu bahariye hamwe. Intahe n'ugukura vyimbitse birashoboka gose muri ubu bwoko bw'imigenderanire.

***Ugushyiraho umugwi bishobora kutubaka umuntu mugufasha kwigisha uwundi yizeye.*** Hakereshejwe ubwigishwa bw'umuntu ubwiwe, bamwe bose barigishwa kandi bagahabwa vya nkenerwa biciye mu kwizera kwabo biciye mu bwigishwa, mu “kugwiza abagwiza.”

Twebwe(Umurongozi)\_\_\_\_\_na\_\_\_\_\_ (uwuk urikirana) twiyemeje guhura buri ndwi munyigisho zo kwubaka imigenderanire ishiraho ikirere no kwugurukira mu gukura mu buryo bw'impwemu hamwe no gutahura ijambo ry'Imana.

Kugira ibi bibe twisezeranije iwi ntambuko zo kuzezwa ibikorwa:

- a. Twiyemeje kuba kumwanya no kuri buri cirwa(kiretse hari ikibazo cihuta muri muryango canke ikindi ikintu kitohindurwa).
- b. Kuba twiteguye mu gusoma no mukwishura ibibazo biri mu bikoresho.
- c. Twiyemereye kuba mumuco, abanyakuri no kuberana abizigirwa.
- d. Twiyemereye guha abandi bose ivyo twize mu migenderanire mishasha yo kwigishwa abandi.

**INYONGERA YA 3:**

## IGICAPO C'URUGENDO RW'UBWIGISHWA NYAKURI

Twarabashiriyeho akarorero k'igicapo c'urugendo kubwanyu. Murashobora gusohoza impapuro zerekanwe kuri izo mpapuro zikurikira kugira mugumane igicapo co kubandanya biciye mu vyirwa. Igicapo c'urugendo kiraboneka kuri [Naturaldiscipleship.com](http://Naturaldiscipleship.com) iyo ushaka gukurikirana urugendo rwawe ku murongo. Gikure kuri interneti hama uyikoreshe nk'urupapuro kandi aho kwandika mukuzuza buri gice cose.

Uzukurikirana/Ivyirwa		Uwigisha	Uwigishwa 1	Uwigishwa 2
Izina				
Telefone				
Email				
Ukwitegura mu Buryo bw'Impwemu				
Ukwitanga mu migenderanire				
Ugusengera Abagenzi Banje				
Ugutanguza Ibiganire vy'ivy'Impwemu				
Ugutanga Intahe yanje				
Ugutanga Intahe yiwe				
Ibice vy'ibibazo ngirakamaro cane vy'ubuzima	1			
	2			
	3			
	4			

*Igicapo C'urugendo rw'Uwigishwa Nyakuri Urupuro 2*

Ivyigwa vyabandanjwe		Uwigisha	Uwigishwa 1	Uwigishwa 2
----------------------	--	----------	-------------	-------------

Izina				
Inyigisho z'urukurikirane rw'ibikorwa nteguza	1			
	2			
	3			
	4			
	5			
	6			
Indwi z'Icirwa c'Urugendo	1			
	2			
	3			
	4			
	5			
	6			
	7			
	8			